O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA

ARNAWLİ BİLİM MİNİSTRLİGİ

QARAQALPAQ MAMLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TARİX HA’M HUQIQ FAKULTETİ

YuRİSPRUDENTsİYa qa’NİGELİGİ

# KURS JUMISI

**ALIMENT MA’JBU’RIYATLARI’NAN KELIP SHI’G’ATUG’I’N DAWLAR BOYI’NSHA SUD SHESHIWSHI QARARLARI’N ORI’NLAWDI’N’ PROTSESSUAL TA’RTIBI**

Ornıla2ın 3-кurs studenti Q1limbetov A.

No’кis-2014

**TEMA: ALIMENT MA’JBU’RIYATLARI’NAN KELIP SHI’G’ATUG’I’N DAWLAR BOYI’NSHA SUD SHESHIWSHI QARARLARI’N ORI’NLAWDI’N’ PROTSESSUAL TA’RTIBI**

## MAZMUNI’


**KIRISIW**

I Bap. Aliment ma’jbu’riyatlari’ni’n’ uli’wmali’q qag’idalari’

1.1. Ata-ana ha’m balalardi’n’ aliment huqi’qi’ ha’m ma’jbu’riyatlari’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’

1.2. Erli-zayi’pli’lar ortasi’ndag’i’ aliment ma’jbu’riyatlari’

1.3. Tuwi’sqanlar ha’m basqa shaxslardi’n’ aliment ma’jbu’riyatlari’

II Bap. Alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibi ha’m olardi’ o’z waqti’nda to’lemegenlik ushi’n juwapkershilik tiykarlari’

1.1. Alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibinin’ tu’rleri ha’m o’zgeshelikleri

1.2. Aliment qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’i’n juwapkershilikler

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI.**

# KIRISIW

Aliment ma’jbu’riyati’ bul bala ta’minati’ ushi’n za’ru’rli bolg’an pul qarjilari’nan ibarat boli’p, bunday ma’jbu’riyatlar erli-zayi’pli’lar ortasi’ndag’i’ aliment ma’jbu’riyatlari’, tuwi’sqanlar ha’m basqa shaxslardi’n’ aliment ma’jbu’riyatlari’nan quralg’an boli’p bul temada usi’ si’yaqli basqa shaxslar ortasi’nda ju’zege keletug’i’n qatnsi’qlardi’ ta’rti’pke Sali’wg’a qarati’lg’an boli’p esaplanadi’.

Aliment ma’jbu’riyatlari’nan kelip shi’g’atug’i’n dawlar boyi’nsha sud sheshiwshi qararlari’n ori’nlawdi’n’ protsessual ta’rtibi temasi’nda siz to’mendegiler menen tani’si’p shi’g’asi’z yag’niy, aliment ma’jbu’riyatlari’ni’n’ uli’wmali’q qag’idalari’, ata-ana ha’m balalardi’n’ aliment huqi’qi’ ha’m ma’jbu’riyatlari’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’, erli-zayi’pli’lar ortasi’ndag’i’ aliment ma’jbu’riyatlari’, tuwi’sqanlar ha’m basqa shaxslardi’n’ aliment ma’jbu’riyatlari’, alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibi ha’m olardi’ o’z waqti’nda to’lemegenlik ushi’n juwapkershilik tiykarlari’, alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibinin’ tu’rleri ha’m o’zgeshelikleri’, aliment qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’i’n juwapkershilikler si’yaqli mazmundag’i’ tu’siniklerge iye bolasi’z.

Ma’mlektimizde aliment o’ndiriw tek g’ana ma’jbu’riy harakterge iye bolmastan, al kelisim tiykari’nda ha’m I’qti’yari’y ta’rtipte de to’leniw jag’daylari’ belgilenip qoyi’lg’an.

Alimentlerdi o’ndiriwde sud ha’m basqa organlardi’n’ qararlari’ni’n’ ori’nlani’wi’ puqarali’q protsessinin’ juwmaqlawshi’ basqi’shi’ boli’p esaplanadi. Sol sebepli de alimentlerdi o’ndiriw menen baylani’sli’ dawli’ qatnasi’qlar sud ta’rtibinde ko’rip shi’g’iladi’. Sud qararlari’n orinlawda sud ori’nlawshi’lari’ni’n’ ha’m ori’nlawdi’ a’melge asi’ri’wshi’ organlardi’n’ tutqan orni’ ayri’qsha boli’p usi’ temani’ u’yreniw protsessinde bu; haqqi’nda da tu’siniklerge iye bolasi’z.

Usi’ ori’nda Prezidentimiz I.A. Karimov “Sud hujjetleri ham basqa organlar hujjetlerin ori’nlaw haqqi’nda” g’i’ Ni’zam qabi’l qi’lingannan keyin de ori’nlaw isin jetilistiriw maselelerin o’z di’qqat itibarinan shette qaldi’rmadi’. Mamleket baslidg’i’ tarepinen qi’sqa mu’ddet ishinde 2006 ha’m 2007-ji’llarda Sud departamenti iskerligin jetilistiriw boyi’nsha shara-ilajlar koriwge bagdarlangan eki qarar qabi’l qi’li’ndi’.

Bularda ma’mleketi’mizde ma’jbu’riyatlardi’n’ o’z waqti’nda ha’m ni’zamli’ tu’rde ali’p bari’li’wi’n ta’minlewde ayri’qsha a’hmiyetke iye boli’p esaplanadi’. Solay eken bul berilgen tema aliment ma’jbu’riyatlari’n ori’nlaw protsessinde ju’zege keletug’I’n dawli’ ma’selelerdi’n qay ta’rizde ali’p bari’li’p ati’rg’ani’na bag’darlang’an boli’p esaplanadi’. Ha’m siz o’z sorawlari’n’izg’a juwaplar ali’wi’n’i’zg’a tiykar boladi’ dep esaplayman.

# I Bap. Aliment ma'jbu'riyatlari'ni'n' uli'wmali'q qag'idalari'

## 1§ Ata-ana ha'm balalardi'n' aliment huqi'qi' ha'm ma'jbu'riyatlari'ni'n' huqi'qi'y tiykarlari'

Alimentler – (latinsha alimentum - «aziq-awqat», «napaqa», «ta'miynat», «bag'iw ushin qa'rejetler» - degen ma'nilerdi an'latadi) bir shaxstin' ekinshi shaxsqa ma'jbu'riy to'leytug'in materiyalliq na'rsesi.

Aliment ma'jbu'riyatlari shan'araq ag'zalari ortasinda ju'zege keledi. A'meldegi nizamshiliqqa ko're bir ta'repte ma'mleket ekinshi ta'repte fizikaliq shaxs qatnassa ya'ki sotsiyalliq siyasiy mu'na'siybetler sadir bolsa onda «napaqa» so'zi qollaniladi. Eger shan'araq huqiqiy mu'na'siybet bolip onda shan'araq ag'zalari qatnassa ol jag'dayda «aliment» so'zi qollaniladi.

Aliment ma'jbu'riyatlari mu'lkiy huqiqiy mu'na'siybetler shen'berine kirip sonin' menen birge o'zinin' ayrim bir arnawli belgilerine ha'm qa'siyetlerinede iye. Aliment ma'jbu'riyatı'nı'n' puqaralıq huqıqındag'ı ma'jbu'riyatınan parıq qılatug'ın ta'repleride bar[1].

Bul belgiler to'mendegilerden ibarat: aliment ma'jbu'riyatlarının' kelip shıg'ıw tiykarları birinshiden nızamda imperativ tiykarda belgilengen (ag'ayin-tuwisqanshılıq, miynetke jaramsızlıq, mu'ta'jlik) ekinshiden, aliment to'lew haqqındag'ıkelisim; aliment ma'jbu'riyatları jekke xarakterge iye. Ol ma'jbu'r bolg'annın', sonday-aq talap etiwshi shaxstın' qaytis bolıwına baylanıslı tamamlanadı miyras boyinsha basqa shaxslarg'a o'tpeydi. Olarg'a talap etiwdi basqa shaxslarg'a o'tkiziw ha'm qariz ma'selesi dodalanbaydı: aliment ma'jbu'riyatları biypul esaplanadı. Eger qa'telikke jol qoyıp o'ndirilgen bolsada qaytarılmaydı. Jalg'an mag'lıwmatlarg'a ha'm qa'lbeki hu'jjetlerde tiykarlang'an hallar bug'an kirmeydi; aliment ma'jbu'riyatları dawamlı boladı. Aliment keleshek waqit ushın alınıp dawa qılıng'an ku'nnen baslap ha'r ayda o'ndiriledi. Balalar ushın aliment olar er jetemen degenge shekem o'ndiriliwi mu'mkin.

A'meldegi nizamshılıqqa ko're aliment ma'jbu'riyatlarında bir qatar jan'a qag'ıydalar belgilengen.

Jan'a shan'araq nızamı aliment o'ndiriwdi u'sh ta'rtibin belgileydi: 1. aliment to'lew haqqındag'ı kelisim du'ziw (17-bap, 130-134-statyalar), Alimentti ıqtıyarıy to'lew (18-bap, 135-statya), alimentti sud ta'rtibinde o'ndiriw (18-bap, 136-statya).

A'meldegi nizamshılıq bul u'sh ta'rtip ortasındag'ı parıqlardı anıq belgilep beredi. Aliment to'lew haqqindag'ı kelisim bar bolg'anında sud ta'rtibinde aliment o'ndiriwge jol qoyılmaydı.

---

[1] А.И.Пергамент. Алиментные обязательства по советскому праву. Автореферат кандидатской диссертации. - М., 1951г.

Aliment ma'jbu'riyatı bul sonday huqıqıy mu'na'siybetti olar nızamda belgilengen yuridik faktler sadır bolg'anında sadır boladı.

Ta'repler o'z-ara keliskende ya'ki sudtın' sheshiwshi qararı bar bolg'anında birdey shan'araq ag'zalarına to'lewge ma'jbu'r boladı son'g'ısı bolsa oni talap etiw huqıqına iye boladi.

Ja'miyette aliment haqqındag'ı tu'sinikler bir qatar o'zgerip turdi. Sovet da'wirinin' 20-jıllarda alimentler «sociyallıq ta'miynattın' jasalmasi»[2], -degen tu'sinik bar edi. Sociyalliq ta'miynattın' rawajlanıwı menen aliment ma'jbu'riyatın a'ste-aqırınlıq penen joq bolıp ketiwine alıp keledi degen teoriya bar edi. Keyinshelli bul teoriya o'z ornın jog'alttı. Bıraq aliment ma'jbu'riyatı menen sociyallıq ta'miynattı rawajlandırıw sisteması ortasında so'zsiz baylanıs bar, sebebi olar ulıwmalıq bir maqsetti olda bolsa er jetpegen mu'ta'j shaxslarg'a materiyallıq ta'miynet beriwdi o'z aldına maqset etip qoyadı. Bizin' ma'mlekette aldın'g'ıday basqa ma'mleketlerge qarag'anda materiyallıq ta'miynat beriwshiler shen'beri ken'. Bul ko'pshilik hallarda ma'mleket ha'mme mu'ta'j, miynetke jaramsız shaxslarg'a sociyallıq ta'miynat esabınan za'ru'r qa'rejetler menen baylanıslı ekenligin bildiredi.

Aliment to'lew haqqındag'ı kelisim, sud jolı menen aliment o'ndiriw huqıqına iye bolg'an shaxslar ortasında da (Shan'araq kodeksi 18-bap, 131-statyasına ko're), bunday quqıqqa iye bolmag'anlar ortasında da du'ziliwi mu'mkin, sebebi bul jag'dayda aliment to'lew ma'jbu'riyatın ıqtıyarıy ra'wishte o'z moynına aliw haqqında ga'p baradı. Misalı, Shan'araq kodeksinin' 16-babina ko're u'y-ro'zger jumısları menen shug'ıllanıwshı miynetke jaramlı er yamasa hayalg'a, a'meldegi hayal ya'ki er, qa'wender ha'm olardın' qarama'ındag'ılar, tuwisqan-tuwg'anlar, bo'le-jiyenler ha'm de nizam menen sud ta'rtibinde aliment talap etiliwi huqıqına iye bolg'an shaxslar shen'berine kiritilmegen basqa shaxslar ta'repinen aliment to'lew haqqında kelisim du'ziliwleri mu'mkin.

Shan'araq kodeksinin' 130-statyasına ko're aliment to'lew haqqında kelisim du'ziw ushın qarım-qatnasıqqa jaramlı bolıw talap etilmeydi.

14 jasqa shekem bolg'an er jetpegenler ha'm de sud ta'rtibinde qarım-qatnasıqqa jaramsız dep tabılg'an shaxslar atınan kelisim olardın' nızamlı wa'killeri (er jetpegenlerdin' ata-anaları, qa'wenderler) ta'repinen du'ziledi. 14 jastan 18 jasqa shekem bolg'an er jetpegenler ha'm de qarım-qatnas jaramlılıg'ı sud ta'rtibinde sheklengen shaxslar o'z nizamlı wa'killerinin' razılıg'ı menen aliment to'lew haqqında kelisim du'zediler.

Shan'araq kodeksinin' 131-statyasında kelisimdi jazba ra'wishte du'ziw ha'm oni notariyal ta'rizde tastıyıqlaw sha'rtligi belgilengen Notaiyal ta'rtipte tastıyıqlanbag'an aliment to'lew haqqındag'ı kelisim haqıyqıy esaplanbaydı. Bıraq aliment to'lew haqqında (a'piwayı jazba formada) kelisim du'zgen ta'replerdin' biri a'melde onı orınlawg'a kirisken bolsa, ekinshi ta'rep onı notariyal tasıyıqlawdan moyın tawlap atırg'an bolsa, Puqaralıq kodeksinin' 12-statyasına muwapıq

[2] Гайхберг А.Г. Брачное, семейное, опекунское право советских республик. -М., 1920, с.62.

kelisim sud ta'rtibinde haqıyqıi emes dep tabılıwı mu'mkin. Bunday halatta kiyinshelli kelisimdi notariyal tastıyıqlaw talap etilmeydi.

Notariyal tastıyıqlang'an kelisim o'z orınlaw ku'shine ko're orınlaw betine ten'lestiriledi. Bul bolsa aliment uslap qalıw ushın basqa hu'jjetlerdi ko'rsetiw talap etilmesligin bildiredi. Notariyal tastıyıqlang'an kelisimdi jo'netiw, esapqa aliw ha'm saqlawg'a qarata orınlaw betlerin jiberiw, esapqa alıw ha'm saqlaw qag'ıydaları qollanıladı.

Aliment to'lew haqqındag'ı Puqaralıq kodeksinin' 150-statyasında belgilengen dawa qozg'atıw mu'ddeti shen'berinde itibarsız qaldırılıwı da biykar etiliwide mu'mkin.

Aliment to'lew haqqındag'ı kelisimnin' ta''replerdin' o'z-ara kelisimlerine ko're o'zgerttiriliwi ya'ki biykar etiliwi jazba ra'wishte a'melge asırılıp notariyal tasıyıqlanıwı mu'mkin.

Shan'araq kodeksinin' 16-babina ko're aliment kelisimlerin to'mendegi shaxslar du'ziwleri mu'mkin:

A. Ata-analar o'zlerinin' er jetpegen balaların ta'miyinlew haqqında. Eger aliment 14 jasqa tolmag'an balalarg'a beriletug'ın bolsa ol jag'dayda kelisim aliment to'lewshi ata ya'ki ana menen ana ya'ki ata ortasında du'ziledi, bunda ekinshi ta'rep sıpatında perzentlikke alıwshı ata ya'ki anasi, qa'wenderi ya'ki perzentlikke alıwshının' razılıg'ı menen kelisim du'ziledi;
B. Ata-analar ja'rdemine mu'ta'j, miynetke jaramsiz er jetken perzentlerin ta'miyinlew haqqında ata-analar bunday kelisimdi o'zlerinin' miynetke jaramlı, er jetken perzentleri menen de du'ziwleri mu'mkin;
C. Miynetke jaramlı perzentleri o'zlerinin' miynetke jaramsız, ja'rdemge mu'ta'j ata-analarının ta'miyinlew haqqında. Bunday halatta kelisim er jetken ha'r bir perzent penen ata ha'm ananın' ha'r biri ortasında, ta'replerden biri qarım-qatnasıqqa jaramsız bolg'an jag'daylarda bolsa onın' nızamlı wa'kili ortasında du'ziledi. Bunday pitim ata-analar miynetke jaramsızlıg'ı ha'm mu'ta'jligine qaramastan du'ziliwi mu'mkin;
D. Erli-zayıplıdan biri miynetke jaramsız, mu'ta'j bolg'an jag'daylarda ma'selen hayal ha'miledarlıg'ıda'wirinde ha'm ulıwmalıq perzent tuwılg'anınan keyin u'sh jıl dawamında ya'ki er yamasa hayal nagiran ulıwmalıq perzentti ta'rbiyalap atirg'anında ol 18 jasqa tolg'ang'a shekem ya bolmasa 1-topar na'giranı bolg'an ulıwmalıq perzentti ta'rbiyalap atırg'anında erli-zayıplılar aliment kelisimin du'ziwleri mu'mkin. Pitimde aliment alıwshı er yamasa hayal miynetke jaramsızlıg'ı ya'ki mu'ta'jligine qaramastan olardan birin ta'miyinlew na'zerde tutılıwı mu'mkin;
E. Sabıq erli-zayıplılar, nekede bar waqıtlarında olar nekeden ajıralg'anınan keyin. Olar sabıq er ya'ki hayal miynetke jaramsızlıg'ınan ya'ki mu'ta'jligine qaramastan bunday kelisimdi du'ziwleri mu'mkin;

F. Sonday pitim du’ziwleri mu’mkin bolg’an ag’a-iniler, apa-sin’liler;
G. Kempir ata ha’m kempir apaları. Olar aqlıqları menen o’zlerin ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin;
H. Kempir ata ha’m kempir apaların ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziw huqıqına iye aqlıqlar;
I. Er jetken a’meldegi ta’rbiyalanıwshılar. Olar o’zlerinin’ sabıq a’meldegi ta’rbiyashıların ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziw huqıqına iye;
J. Er jetken asirandı ul ha’m qızlar. Olar o’gey ataları ha’m analarıн ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin.

Shan’araq kodeksinin’ 145-statyasında sırt el ma’mleketke turaqlı jasaw ushın ketip baratırg’an shaxs penen eliment to’lew haqqında kelisim du’ziw mu’mkinligi na’zerde tutılg’an. Bul kelisimde ta’repler aliment alıw huqıqına iye bolg’an shaxslardı ta’miyinlewdin’ ha’r qanday usılın ko’zde tutıwg’a haqlı esaplanadı.

Kelisimge muwapıq er jetpegen balalar ushın belgilenetug’ın aliment mug’darı olar sud ta’rtibinde o’ndirgende alıw mu’mkin bolg’an aliment mug’darınan kem bolmaslıg’ı kerek. Bul mug’dar shan’araq kodeksinin’ 99-statyası menen belgilep qoyılg’an ha’m ha’r bir bala ushın is haqı ha’m (ya’ki) basqa da’ramattın’ 4\1 bo’legi, eki bala ushın 1\3 bo’legin ha’m u’sh ha’m onnan artıq bala ushın 1\2 bo’legin quraydı.

Alimentler aliment to’lewge ma’jbu’r shaxstın’ is haqı ha’m ya’ki basqa da’ramatına qarata u’leste turaqlı (ha’r ayda, ha’r sherekte ha’m usı sıyaqlı) to’lenetug’ın belgili pul mug’darında mu’lik beriw jolı menen sonday-aq bo’lekshe usıllardan o’leniwi mu’mkin. Kelisimde to’lewdin’ tu’rli usillarıн aralas qollanıw na’zerde tutılıwı mu’mkin;

Aliment mug’darın indekslew ta’rtibi:

Indekslewdin’ en’ ken’ taralg’an usılı- aliment mug’darin en’ kem is haqıg’a ya’ki sırt el valyutasına baylanıslı etip qoyıw.

Kelisim, ta’replerdin’ o’z-ara kelisimine ko’re qa’legen waqıtta o’zgerttiriliwi ya’ki biykar etiliwi mu’mkin.  Bul is de kelisim du’zilgen ta’rtipte a’melge asırılıwı kerek.

Ta’replerdin’ materiyallıq ya’ki shan’araqlıq jag’dayı o’zgergen ha’m de aliment kelisimin o’zgerttiriw ya’ki biykar etiw haqqında kelisimge erisilmegen jag’daylarda ma’pdar ta’rep bul kelisimdi o’zgerttiriw ya’ki biykar etiw haqqındag’ı dawa menen sudqa mu’ra’ja’t etiw huqıqına iye.

Aliment keilismindegi ta’replerden biri a’dette, miynetke jaramsız, mu’ta’j shaxs bolıp onın’ ma’lerin qorg’aw talap etiledi. Usı mu’na’siybet penen shan’araq kodeksi aliment to’lew haqqındag’ı kelisimdi, onı o’zgerttiriwdin’ Puqaralıq kodeksinin’ 383-statyasında belgilengen ulıwmalıq ta’rtipke qarag’anda bir qansha iqsham ta’rtip bolıp sud qadag’alawı astında o’zgerttiriwdi na’zerde tutadı.

Ata-ana ha’mde balalrdın’ aliment huqıqı ha’m ma’jbu’tiyatları aliment ma’jbu’riyatların birinshi qatarına kiredi. Ata-analar ha’m balalar basqa qarındasları bolıw bolmaslıg’ınan qattıy na’zer bir-birlerine materiyallıq ja’rdem beriwge ma’jbu’r.

Ata-analardı er jetpegenlerge aliment to’lew ma’jbu’riyatı tiykarı bolıp taaıanalar ha’m balalar ortasındag’ı tuwısqanlıq ha’m er jetpegen balalardın’ barlıg’ı. Islewi ha’m islemesligine qaramastan 18 jasqa tolmag’an balalar er jetpegen bala esaplanadı.

Shan’araq kodeksinin’ 96-statyasına ko’re ata-anaer jetpegen balalarg’a ta’miynet beriwi sha’rt.

Er jetpegen balalarına ta’miynat beriw ma’jbu’riyatın ıqtıyarıy ra’wishte ata(ana) dan sudtın’ sheshiwshi qararına muwapıq aliment o’ndiriledi.

Er jetpegen balalrg’a aliment to’lew haqqında ata-ana ortasında kelisim bolmag’anda ya’ki aliment ıqtıyarıy ra’wishte to’lenbegende ha’m ata-anadan birewi de aliment o’ndiriw haqqında sudqa dawa arzası menen mu’ra’ja’t etpegen hallarda qa’wenderlik organları er jetpegen balalnın’ ta’miynatı ushın ata ya’ki anadan nizamda belgilengen mug’darda aliment o’ndiriw haqqında dawa qozg’atıwg’a haqlı.

Eger er jetpegen balalarına ta’miynet beriw haqqında ata-ana ortasında kelisim bolmasa olardın’ ta’miynatı ushın aliment sud ta’repinen ata-ananın’ ha’r aydag’ı is haqı ha’m ya’ki basqa daramattın’ bir bala ushın to’rtten bir bo’legi; eki bala ushın u’shten bir bo’legi; u’sh ha’m onnan artıq bala ushın yarımı mug’darında o’ndiriledi. Bul to’lemlerdin’ mug’darı ta’replerdin’ materiyallıq ya’ki shan’araqlıq jag’dayın ha’m basqa itibrg’a ılayıq halatlardı itibarg’a alg’an halda sud ta’repinen kemeyttiriliwi ya’ki ko’beyttiriliwi mu’mkin. Ha’r bir bala ushın o’ndiriletug’ın aliment mug’darı nıam hu’jjetleri menen belgilengen en’ kem is haqının’ u’shten bir bo’leginen kem bolmaslıg’ı kerek (shan’araq kodeksinin’ 99-statyası).

A’meldegi O’zbekistan Respublikasının’ konstitutsiyası 64-statyasına muwapıq ata-analar o’z perzentlerin er jetkenlerine shekem bag’ıw ha’m ta’rbiyalawg’a ma’jbu’rdir.

A’meldegi nızamda er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiyallıq ta’miyinlewden moyın tawlaw ushın jınayıy juwapkershilik belgilengen. O’zbekistan Respublikası Jınayat kodeksinin’ 122-statyasına muwapıq materiyallıq ja’rdemge mu’ta’j bolg’an er jetpegen ya’ki miynetke jaramsız shaxstı materiyallıq ta’miyinlewden moyın tawlaw , yag’nıy olardı mater[iyallıq jaqtan ta’miyinlew ushın sudtın’ sheshiwshi qararına muwapıq o’ndiriliwi lazım bolg’an qarjını ja’mi bolıp u’sh aydan artıq bolg’an mu’ddet dawamında to’lemeslik –en’ kem aylıq is haqının’ eliw ese mug’darına shekem ya’ki u’sh jılg’a shekem miynet du’zetiw koloniyalarında ya’ki altı ayg’a shekem qamaq jazası menen jazalanadı.

Ata-ana er jetken miynetke jaramsız ja’rdemge mu’ta’j bolg’an balalarına qarata tiyisli ma’jbu’riyatları Shan’araq kodeksinin’ 100-statyasında belgilep qoyılg’an.

Er jetken miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j balalarına aliment to’lew ata-ananın’ ma’jbu’riyatı esaplanadı.to’lenetug’ın aliment mug’darı ta’replerdin’ materiyallıq ha’m shan’araqlıq awhalın esapqa alıp belgili bir summag’a belgilenedi. Bunday aliment ayma-ay to’lenedi.

A’meldegi nızamda er jetken miynetke jaramsız , ja’rdemge mu’ta’j balalarına aliment to’lewden moyın tawlag’an ata-ananın’ juwapkershiligi belgilengen.

Shan’araq kodeksinin’ 109-statyasına ko’re er jetken miynetke jaramlı balalar miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j o’z ata-anasına ta’miynet beriwleri ha’m olar haqqında g’amxorlıq etiwleri sha’rt.

Nızam menen bekkemlengen, miynetke jaramlı er jetken nalalardın’ o’z ata-anasına g’amxorlıq etiw ma’jbu’riyatı, birinshi na’wbette balalardın’ manawiy parzı ha’m wa’ziypası esaplanadı.ma’mleketimizde ata-analarına g’amxorlıq etiw balalrdın’ muqaddes wa’ziypası esaplanadı. Bul ma’jbu’riyattı balalr o’z qa’lewleri menen orınlap kelmekteler.

Materiyallıq ja’rdemge mu’ta’j miynetke jaramsız ata-ana paydasına aliment o’ndiriliwi waqtında ata-ananın’ da , balalardın’ da materiyallıq shan’araqlıq jag’dayları sonday-aq ta’replerdin’ itibarg’a ılayıq barrlıq jag’dayları esapqa alınıwı lazım.

Ja’rdemge mu’ta’j miynetke jaramsız ata-anag’a aliment to’lew haqqındag’ı dawa shan’araqtag’ı barlıq miynetke jaramlı er jetken balalarg’a qarata qozg’atılıwı mu’mkin.

Shan’araq kodeksinin’ 111-statyasına ko’re er jetken miynetke jaramlı balalar ata-anasının’ keselligine ha’m basqa keshirimli sebeplerine ko’re qsımsha etiletug;ın qa’rejetlerge qatnasıwı sha’rt. Bul qag’ıiyda nızamshılıqta jan’alıq esaplanadı. Ha’r bir er jetken balalnın’ moynına ju’kletilgen qosımsha qa’rejetlerdi qaplaw summasın belgilewde materiyallıq sharayatları esapqa alınadı

Ulıwma alg’anda nızamlarg’a ko’re aliment sudqa mu’ra’ja’t etken ku’nnen baslap sudtın’ sheshiwshi qararı menen o’ndiriledi. Bıraq shan’araq kodeksinin’ 112-statyasına ko’re aliment o’ndiriw haqqındag’ı daw u’zil-kesil sheshilgenge shekem sudya usı daw boyınsha odan belgilengen mug’darda waqtınsha aliment o’ndiriw haqqında ajırım shıg’arıw mu’mkin. Bunda materiyallıq ta’miynet onın’ mug’darı sudtın’ ajırımı menen ta’miynat beriwi gu’man etilip atırg’an shaxstan ma’lim bir summada o’ndiriliwi mu’mkin.

## 2§ Erli-zayi’pli’lar ortasi’ndag’i’ aliment ma’jbu’riyatlari’

Erli-zayıplılardın’ ha’m sabıq erli-zayıplılardın’ aliment ma’jbu’riyatları shan’araq kodeksinin’ 15-bap, 117-121-statyaları menen ta’rtipke salınadı.

Eger er ha’m hayal qa’lese, shan’araq kodeksinin’ 31-statyasına muwapıq neke sha’rtnamasında o’z-ara materiyallıq ta’miynat beriw boyınsha huqıq ha’m ma’jbu’riyatlar belgilewi ya’ki aliment to’lew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin. (shan’araq kodeksinin’ 130-statyası).

Shan’araq kodeksinin’ 117-statyasında erli-zayıplının’ bir-birine materiyallıq ta’miynat beriw ma’jbu’riyatları belgilengen. Og’an muwapıq, «erli-zayıplı bir-birine materiyallıq ja’rdem beriwleri sha’rt. Bunday ja’rdem beriwden bas tarılg’an jag’dayda, ja’rdemge mu’ta’j miynetke jaramsız er yamasa hayal, sonday-aq hayal ha’miledarlıq da’wirinde ha’m ortada bala tuwılg’an ku’nnen baslap u’sh jıl dawamında ortadag’ı na’giran bala on segiz jasqa tolg’ng’a shekem ya’ki balalıqtan 1-topar na’giranı bolg’an ortasındag’ı balag’a qarag’an ja’rdemge mu’ta’j er (hayal) ja’rdem beriwge jaramlı bolg’an hayal (er) dan sud ta’rtibinde ta’miynet (aliment) alıw huqıqına iye».

Er yamasa hayalg’a beriletug’ın ta’miynat qarjının’ mug’darı sud ta’repinen ta’miynet to’lewshinin’ h’m alıwshının’ materiyallıq ha’m shan’araqlıq jag’dayın esapqa alg’an halda ha’r ayda alınatug’ın belgili bir summada belgilenedi. Bıraq bul summa nızam hu’jjetlerinde belgilengen en’ kem is haqının’ u’shten bir bo’leginen kem bolmaslıg’ı lazım.

Er yamasa hayalg’a aliment eger ulıwma jasawı ushın qarjısı bolmag’anda sonday-aq qarjısı bolsada mu’ta’j bolsa tayınlanıwı mu’mkin.

Bul tu’rdegi dawlardı ko’riwde sud to’mendegi halatlardı anıqlawı lazım.yag’nıy: mu’ta’j er (hayal)din’ jasawı ushın qarjıg’a iye ya’ki jeterli emesligi; er (hayal)din’ balaları ha’m basqa bag’ıwshıları joq ekenligi; mu’ta’j er (hayal) din’ er jetpegen blalarınan materiyallıq ja’rdem alıw ya’ki almaslıg’ın ha’m basqa usıg’an uqsag’an halatlardı anıqlaydı.

Aliment to’lewshi ya’ki alıwshı er yamasa hayaldın’ materiyallıq ha’m shan’araqlıq jag’dayındag’ı o’zgeris olardın’ o’mirine u’lken ta’sir etiwi mu’mkin. Bul bolsa ma’pdar er yamasa hayalg’a sudqa mu’ra’ja’t etip aliment mug’darın o’zgerttiriw ya’ki onı kemeyttiriwdi talap etiw huqıqın beredi.

Er yamasa hayaldın’ ta’miynet beriw ma’jbu’riyatınan azat etiw ya’ki bul ma’jbu’riyattı ma’lim bir mu’ddet penen sheklew sudttın’ sheshiwshi qararına ko’re jol qoyıladı. Sud sheshiwshi qaraın shıg’arıwda: nekede qisqa waqıt turg’an bolsalar; o’zine napaqa talap talap etip atırg’an er yamasa hayal shan’araqta o’zin jaman tutqan bolsa; eger ja’rdemmge mu’ta’j er yamasa hayal spirtli ishimlikler, narkotik zatlardan paydalanıwi ya’ki qastan jınayat sadır etip u’sh jıldan kem bolmag’an mu’ddetke sud ta’repinen hu’kim etilgen bolsa, bunday halatlardı na’zerge alıw mu’mkin. Er yamasa hayaldı ta’miynat beriwden azat etiw ya’ki bul ma’jbu’riyattı mu’ddet penen

sheklew ushın joqarıda keltirilgen sha’rtlerden biri bolıwı lazım. Bıraq bunday halatlar bar bolg’anda da ha’r bir jag’dayda sud istin’ anıq halatına qarap dawanı qanaatlandırıwı ya’ki onı biykar etiwi mu’mkin.

Ma’selen nekede bolıw mu’ddetinin’ uzaq ya’ki qısqalıg’ına qarap sud ta’repinen sheshiledi. Er yamasa hayaldın’ shan’araqta o’zin jaman tutqanlıg’ın anıqlaw da sudqa tiyisli esaplanadı. Bıraq basqa ta’rep bul sha’rayattı da’lillewi lazım. Sol maqsette hu’jjetler (ma’selen, sud yamasa basqa organlardın’ qararları, usınısları ha’m basqalar) den paydalanıw mu’mkin. Sonday-aq er yamasa hayaldın’ jaman hulqın tastıyıqlaytug’ın faktler ha’m basqa da’liller talap etiledi. Nızam jaman minez-hulıqtı tek neke da’wirindegi turmısı menen baylanıstırmaydı, nekeden o’tkenge shekem ha’m nekeden keyin de miynetke jaramsız ya’ki mu’ta’jlik ju’zege keliwi mu’mkin.

Er yamasa hayaldın’ materiyallıq ta’miynet boyınsha napaqa alıw ya’ki beriw ma’jbu’riyatı, aliment o’ndiriw ushın za’ru’r bolg’an sharayatlar tamamlanıwı menen; er yamasa hayaldın’ miynet qa’biliyeti tikleniwi (eger miynetke jaramsızlıq na’giranlıq sebepli sadır bolg’an bolsa); mu’ta’jlik tamamlanıwı (ma’selen, ma’mleketten pul ja’rdemin alıw, pensiya, miyras alıw ha’m basqa dereklerden jasaw ushın qarjı alıw sebeplı aliment alıp atırg’an ta’reptin’ u’lken pul utısın alıwı) menen sonday-aq aliment to’lewshi ta’reptin’ ta’miynat beriw imka’niyatı bolmay qalıwı menen tamamlanadı.

Nekeden ajırasıp aliment alıp atırg’an shaxstın’ jan’a nekege o’tiwi de aliment to’lewdin’ tamamlanıwına tiykar boladı. Sebebi neke du’ziw mu’na’siybeti menene ol ekinshi ta’repke materiyallıq ta’miynat beriw ma’jbu’riyatın o’z moynına aladı.

A’meldegi shan’araq kodeksinin’ 118-statyasına ko’re jeterli qarjıg’a iye bolg’an sabıq er (hayal)den:

Sabıq hayal ha’miledarlıq da’w[irinde ha’m ortada bala tuwılg’an ku’nnen baslap u’sh jıl dawamında;

Ortadag’ı na’giran bala on segiz jasqa tolg’ang’a shekem ya’ki balalıqtan 1-topar na’giran bolg’an balag’a qarag’an ja’rdemge mu’ta’j sabıq er (hayal);

Nekeden ajıralg’an waqıttan baslap bes jıl ishinde pensiya jasına jetken ja’rdemge mu’ta’j er (hayal), eger erli-zayıplı uzaq waqıy nekede turg’an bolsa sud ta’rtibinde aliment talap etiw huqıqına iye.

Nekeden ajıralg’annan keyin sabıq er yamasa hayalg’a to’lenetug’ın aliment mug’darı ha’m onı to’lew ta’rtibi sabıq erli-zayıplı ortasında kelisim menen belgileniwi mu’mkin.

Ma’mleketimizde bazar ekonomikasına o’tip atırg’anın esapqa alıp, erli-zayıplı (sabıq erli-zayıplı) ortasında aliment to’lew haqqında kelisim bar bolmag’an jag’dayda er yamasa hayalg’a (sabıq er yamasa hayalg’a) sud ta’rtibinde o’ndirip beriletug’ın aliment mug’darı sud ta’repinen er yamasa hayaldın’ (sabıq er yamasa hayaldın’) materiyallıq ha’m shan’araqlıq jag’dayın ha’m de ta’replerdin’ itibarg’a ılayıq basqa ma’plerin esapqa alg’an halda ha’r ayda pul menen to’lenetug’ın

birden-bir summa belgilenedi, bıraq bul summa nızam hu’jjetlerinde belgilengen en’ kem is haqının’ u’shten bir bo’leginen kem bolmaslıg’ı lazım.

Shan’araq kodeksinin’ 120-statyasına muwapıq erli-zayıplınıbir-birlerine ta’miynat beriw ma’jbu’riyatınan azat etiw ya’ki bul ma’jbu’riyattı belgili bir mu’ddet penen sheklew halalrı belgilep beredi.

Sud to’mendegi jag’daylarda:

Eger erli-zayıplı nekede qisqa waqıt dawamında bolg’an bolsa;

Eger o’z ta’miynatı ushın qarjı to’leniwin talap etip atırg’an er yamasa hayaldın’ jaman minez-hulqı sebepli nekeden ajırasqan bolsa;

Eger ja’rdemge mu’ta’j er yamasa hayaldın’ miynetke jaramsız bolıp qalıwı onın’ spirtli ishimliklerdi, na’shebentlik zatlardı, psixotrop zatlardan paydalanıwı ya’ki qastan jınayat sadır etiwi aqıbetinde ju’z bergen bolsa, er (hayal) di ja’rdemge mu’ta’j miynetke jaramsız halat (er)ge ta’miynet beriw ma’ju’riyatınan azat etiwi ya’ki bul ma’jbu’riyattı belgili bir mu’ddetke sheklep qoyıwı mu’mkin.

A’meldegi nızamda nekenin’ qısqa waqıt dawam etkenligi er yamasa hayaldı ta’miynet beriwden azat etiw ushın sebep bolıwı m’mkin dep ko’rsetilgen. Bıraq materiyallıq ta’miynat beriwdi talap etiw huqıqın beretug’ın nekenin’  dawamlılıq mu’ddeti belgilenbegen. Bul ma’sele ha’r bir puqaralıq  isinde sud ta’repinen sheshledi. Ta’jiriybede bolsa qag’ıyda sıpatında bes jılg’a shekem bolg’an da’wir qısqa dawam etken neke esaplanadı.

Perzentlerdi ta’rbiyalaw ha’m olarg’a ta’miynat beriw olardın’ huqıqı ha’m ma’plerin qorg’aw barasındag’ı wa’ziypalardı orınlamaslıq sonday-aq spirtli ishimliklerdi, na’shebentlik zatlardan paydalanıwı er (hayal)din’  shan’araqtag’ı jaman minez-hulqına mısal bola aladı.

Shan’araq kodeksinin’ 146-statyasına ko’re  sud olardan ha’r birinin’ talabına ko’re alimenttin’ belgili bir mug’darına o’zgerttiriw kiritiwge yamasa aliment to’lewi sha’rt bolg’an shaxstı aliment to’lewden azat etiwge haqlı.

A’meldegi nızamshılıqta sud ta’rtibinde o’ndiriletug’ın aliment ha’m onı to’lew ma’jbu’riyatının’ biykar bolıwı tiykarları dizimi berilgen: bala er jetkende ya’ki er jetpesten turıp tolıq qarım-qatnasqa jaramlı bolg’anda; paydasına aliment o’ndirilip atırg’an  bala perzentlikke alıng’anda; sud aliment alıwshının’ miynetke jaramlılıg’ı tiklengen ya’ki onın’ ja’rdemge mu’ta’j bolmay qalg’an dep tapqanda;  miynetke jaramsız ja’rdemge mu’ta’j aliment alıwshı sabıq er ya’ki hayal jan’a  nekege kirgende;  aliment alıwshı ya’ki aliment to’lewi sha’rt bolg’an shaxs qaytıs bolg’an da tamamlanadı.

Ulıwma alg’anda erli-zayıplı ortasındag’ı huqıqıy qatnasıqlardı ta’rtipke salıwshı nızamlar olar ortasındag’ı mu’lkiy qatnasıqlardın’ turaqlasıwına shan’araqtı bekkemlewge xizmet qıladı. Erli-zayıplı ortasındag’ı ju’zege keletug’ın kelispewshiliklerdi durıs sheshiw ulken a’himiyetke iye.bul kelispewshilikler sud ta’repinen adalatlı tiykarda sheshiliwi lazım.

## 3 § Tuwi’sqanlar ha’m basqa shaxslardi’n’ aliment ma’jbu’riyatlari’

Baptın’ maqseti: A’meldegi shan’araq kodeksinin’ 123-statyasına ko’re ata-anası joq bolg’an yamasa olardan ta’miynat alalmaytug’ın er jetpegen aqlıqlarına ta’miynat beriw ma’jbu’riyatı jeterli qarjıg’a iye bolg’an ata ha’m kempir apa moynına salıwları mu’mkinligin ilimiy da’lillewden ibarat.

Bul bapta: ata ha’m kempir apanın’ o’z aqlıqlarına aliment to’lew ma’jbu’riyatı, aqlıqların ata ha’m kempir apalarına aliment to’lew ma’jbu’riyatı, ag’a-ini ha’m apa-sin’lilerdin’ aliment ma’jbu’riyatı turaqlı ta’rbiyada bolg’an o’z ta’rbiyashılarına aliment beriw ma’jbu’riyatı o’gey ata ha’m ananın’ , o’gey ul ha’m qızlarg’a aliment to’lew ma’jbu’riyatı, o’gey ul ha’m qızlardın’ o’gey ata ha’m anag’a aliment beriw ma’jbu’riyati sıyaqlı ma’seleler ashıp beriledi.

Ata ha’m kempir apa aqlıqları menen olarg’a materiyallıq ta’miynet to’lew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin. Bunday kelisimge shan’araq kodeksinin’ 17-babının’ qag’ıydaları engızıledi. Kelisim du’zilgen jag’dayda aliment mug’darı sha’rtleri ha’m to’lew ta’rtibi belgilenedi.

Ata ha’m kempir apa aliment majburatlari aliment to’liwshilerdin’ ekinshi na’wbettegi ag’zalarına kirip, eger olar aliment to’liwshilerdin’, birinshi nawbettegilerinen, ata-anasinan ta’miynat almaytug’ın bolsa olarg’a ju’kletiledi.

Eger er jetken miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j aqlıqlarının’ ata-anası, eri yamasa hayalı (sabıq er yamasa hayali) ha’m er jetken miynetke jaramlı balaları bolmasa ya’ki olardan ta’miynet ushın qarjı almasa olarg’a qarata da bul ma’jbu’riyat ata ha’m kempir apanın’ moynına ju’kletiliwi mu’mkin. Aqlıqlarına aliment o’ndiriw ushın eki ata-ana ta’repindegi ata ha’m kempir apasın qaratıwı mu’mkin. Olarg’a o’ndiriletug’ın alimenttin’ mug’darı sud ta’repinen aliment o’ndirilip atırg’an shaxstın’ ha’m aliment alıp atırg’an shaxstın’ materiyallıq ha’m shan’araqlıq jag’dayın esapqa alıp ha’r ayda pul menen to’lenetug’ın belgili bir summada belgilenedi.

A’meldegi shan’araq kodeksinin’ 124-statyasına ko’re, o’zlerinin’ er jetken balalrınan ya’ki eri ya’ki hayalınan (sabıq eri ya’ki hayalınan) ta’miynet alalmaytug’ın miynetke jaramsız ja’rdemge mu’ta’j ata ha’m kempir apag’a ta’miynet beriw ma’jbu’riyatı jeterli qarjıg’a iye bolg’an er jetken miynetke jaramlı aqlıqlar moynına ju’kletiliwi mu’mkin.

Ata ha’m kempir apalardın’ aqlıqları menen jaqın tuwısqanlıq qat nasıqların esapqa alıp olar ortasındag’ı aliment ma’jbu’riyatların belgileydi. Ko’pshilik jag’daylarda aqlıqlar da’slepki ta’rbiyanı ha’m materiyalliq ta’miynattı o’zlerinin’ ata ha’m kempir apalarınan aladi ha’m olar menen bekkem baylanısqan boladı. Olardin’ bala ta’rbiyasındag’ı ta’jiriybeleri u’lgi boladı.ata ha’m kempir apalar aqlıqların ha’tte ata-analarının’ orınların basadı.

Ata ha’m kempir apalarg’a aliment to’lew ma’jbu’riyatı jeterli qarjıg’a iye bolg’an er jetken miynetke jaramlı aqlıqları moynına ju’kletiledi. Aldın a’melde bolg’an neke ha’m shan’araq

kodeksinin' 112-statyasına ko're aqlıqlarının' er jetiwine qaramastan materiyallıq ta'miynat o'ndiriliwi mu'mkin edi. Jan'a shan'araq kodeksinin' qabıl etiliwi mu'na'siybeti menen bunday ma'jbu'riyat tek er jetken aqlıqlar moynına ju'kletiliwi mu'mkin.

Aqlıqlardın' aliment ma'jbu'riyatları usı tu'rdegi huqıqıy qatnasıqlardı ekinshi na'wbetine kiredi. Ata ya'ki kempir apa tek birinshi na'wbettegi aliment ma'jbu'riyatındag'ı shaxslardan: o'zerinin' er jetken balalarınan, erli-zayıplılar ha'm sabıq erli-zayıplılardan o'ndire almasalar onday jag'dayda olardan o'ndiriledi.

Ata ha'm kempir apa ushın o'ndiriletug'ın materiyallıq ta'miynet aqlıqlarının' materiyallıq halatın to'menlestirip qoymaslıg'ı lazım.

Aliment to'lewshi aqlıqlarınan birine dawa etilgende dawalar basqa aliment to'lewshi aqlıqların sonday-aq basqa ekinshi na'wbettegi aliment to'lewshilerdi de esapqa alıwı lazım.

Ata ha'm kempir apa menen aqlıqlar ortasında aliment to'lew haqqında o'z-ara kelisim bolmag'an jag'dayda ata ha'm apa paydasına aqlıqlarınan aliment o'ndiriw sud ta'rtibinde nızam tiykarında sheshiledi.

A'meldegi shan'araq kodeksinin' 125-statyasına ko're ata-anası joq bolg'an ya'ki olardan ta'miynat alalmaytug'ın er jetpegen ag'a-ini ha'm apa-sin'lilerine ta'miynat beriw ma'jbu'riyatı jeterli qarjıg'a iye bolg'an ag'a-ini ha'm apa-sin'liler moynına ju'kletiliwi mu'mkin.

Ag'a-ini ha'm apa-sin'liler aliment to'lew haqqındag'ı o'z-ara kelisim du'ziwleri mu'mkin. Bunday kelisimge shan'araq kodeksinin' 17-babi qag'ıydaların o'z ishine aladı. Kelisimnin' sha'rtleri ta'rtibi ha'm alimenttin' mug'darı usı kelisim menen belgilenedi.

Kelisim bolmasa aliment er jetken miynetke jaramlı ag'a-ini ha'm apa sin'lilerden tek aliment o'ndiriw huqıqına iye bolg'an er jetpegen mu'ta'j ha'm er jetken miynetke jaramsız mu'ta'j ag'a-iniler ha'm apa-sin'lilerde saqlanadı. Aliment o'ndiriwge tolıq ha'm tolıq bolmag'an ag'a-iniler ha'm apa-sin'lilerge iye bolg'anlar.

Aldın a'melde bolg'an neke ha'm shan'araq kodeksinde ag'a-iniler ha'm apa-sin'lilerdin' er jetpegen ya'ki miynetke jaramsız er jetken ag'a-iniler ha'm apa-sin'lilerge ta'miynat beriw ma'jbu'riyatı ju'kletilgen edi.

Jan'a nızamdı qabıl etiw mu'na'siybeti menen endilikte tek miynetke jaramlı ag'a-iniler ha'm apa-sin'lilerge ju'kletiledi.

Shan'araq kodeksinin' 126-statyasına ko're miynetke jaramsız, ja'rdemge mu'ta'j er yamasa hayalı (sabıq er yamasa hayalı) ya'ki er jetken miynetke jaramlı balaları bolmag'an yaki olardan ta'miynat ushın qarjı alalmaytug'ın a'melde olardı ta'rbiyalag'anlarg'a ta'miynet beriw ma'jbu'riyatı olardın' turaqlı ta'rbiyası ha'm ta'miynatında bolg'an shxaslar moynına ju'kletiliwi mu'mkin. Bunday ma'jbu'riyat qa'wenderlikte turg'an shaxslar moynına ju'kletilmeydi.

Turaqlı ta'rbiyalanıwshı bul qa'wender ya'ki sha'rtnama tiykarında balalrdı ta'rbiyag'a almag'an (patronat) bolmastan ba'lkim er jetpegen balalrdı o'z ta'rbiyasına ha'm ta'miynatına alg'an shxslar

esaplanadı. Olar balanın’ tuwısqanları, sonday-aq basqa biytanıs shaxslar bolıwı mu’mkin. Shan’araq kodeksinin’ (116-statyası) miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j eri yamasa hayalı (sabıq eri yamasa hayalı) ya’ki er jetken miynetke jaramlı balaları bolmag’an ya’ki er jetken miynetke jaramlı balalar[ bolmag’an ya’ki olardan ta’miynat ushın qarjı alalmaytug’ın a’melde olardı ta’rbiyalag’anlarg’a ta’miynat beriw ma’jbu’riyatı olardın’ turaqlı ta’rbiyası ha’m ta’miynatına bolg’an shaxslar moynına ju’kletiliwi mu’mkin. Bunday ma’jbu’riyat qa’wenderlikte turg’an shaxslar moynına ju’kletilmeyd[i. miynetke jaramlı turaqlı ta’rbiyag’a alg’anlarg’a o’ndiriletug;ın aliment ta’rtibi ha’m onın’ ko’lemi ta’replerdin’ jazba kelisimi menen belgilenedi (shan’araq kodeksinin’ 130-statyası).

Turaqlı ta’rbiyada bolg’anlardın’ o’z ta’rbiyashılarına ta’miynat beriw haqqında kelisim bolmasa er jetken turaqlı ta’rbiyada bolg’anlardan sud ta’rtibinde o’ndiriledi. Turaqlı ta’rbiyada bolg’anlardın’ o’z ta’rbiyashılarına ta’miynat beriw ma’jbu’riyatı ushın aliment o’ndiriw ushın tiykar bolıp tuwısqanlıshılıq yuridik fakt esaplanıp bala perzentlikke alınbastan qa’wenderlik ra’smiylestirilmesten, balanı shan’araqqa ta’rbiyag’a alıw (patronat) bolmastan ba’lkim balanı ta’rbiyalaw ha’m ta’miyinlewge alıw esaplanadı.

Sud ta’rbiyada bolg’anlardı eger olar ta’rbiyashılardın’ ta’rbiyası ha’m ta’miynatında bes jıldan kem turg’an bolsa nizamda ko’rsetilgen ma’jbu’riyattan azat etiwge haqlı.

Ta’rbiyalanıwshını aliment to’lewden azat etiw sudtın’ ma’jbu’riyatı bolmastan ba’lki huqıqı esa[planadı. Sonın’ ushın sud isti ko’rip shıg’ıwda ha’mme halatlardı esapqa alıp onı sheshedi.

Shan’araq kodeksinin’ 127-statyasına ko’re o’gey ata ha’m o’gey ananın’ ta’rbiyasında ya’ki ta’miynatında bolg’an er jetpegen o’gey ul ha’m o’gey qizlardın’ ata-anası joq bolsa ya’ki o’z ata-anasınan jeterli da’rejede qa’rejet alalmay atırg’an bolsa, olarg’a ta’miynat beriw ma’jbu’riyatı o’gey ata ha’m o’gey ana moyinna ju’kletiliwi mu’mkin.

Bul aliment ma’jbu’riyatı tuwısqannlıq qatnasıqlarına tiykarlanbag’an bolıp, o’gey ata ha’m o’gey ana ta’repinen o’gey balalardı ta’rbiyalag’anlıq ya’ki ta’miyinlegenlik yuridik faktke tiykarlang’an halda kelip shıg’adı.

O’gey balalarg’a o’gey ata ha’m o’gey ana ta’repinen ta’rbiya ha’m ta’miynat berilgenlik yuridik fakttı olardın’ bir semyada birge jasag’anlıqları menen tastıyıqlanıwı mu’mkin. Aliment ma’jbu’riyatın belgilew ushın o’gey ata ha’m o’gey ana menen birge o’gey balalardın’ uzaq waqıt birge jasag’an bolıwları sha’rt emes.

O’gey ata ha’m o’gey ana menen o’gey balalar ortasındag’ı aliment ma’jbu’riyatın ta’miynat beriw ushın ma’jbu’r bolg’an basqa tuwısqanlar bolmag’an jag’dayda ju’zege keledi.

Yag’niy er jetpegen o’gey balalarg’a ta’miynat beriw ma’jbu’riyatın o’gey ata ha’m o’gey anag’a ju’klew ushın balanın’ o’z ata-anaları bolmaslıg’ı ya’ki ata-analarınan ta’miynat ushın jeterli ta’miynat alalmaslıg’ı lazım.

Er jetken ja’rdemge mu’ta’j, miynetke jaramsız, o’gey ul ha’m o’gey qizlardın’ ata-anası, eri ya’ki hayalı (sabıq eri ya’ki hayalı) ha’m er jetken miynetke jaramlı balaları bolmasa ya’ki olardan ta’miynat ushın jeterli qa’rejet alalmasa o’gey ata ha’m o’gey ananın’ moynına olarg’a qarata da aliment ma’jbu’riyatın ju’kletiw mu’mkin.

O’gey ata ha’m o’gey ananın’ er jetken miynetke jaramsız ta’miynatqa mu’ta’j o’gey ul ha’m o’gey qizlardı ıqtıyarıy ra’wishte materiyallıq ta’miyinlewge razı bolıwı olar ortasında du’zilgen sha’rtnama tiykarında a’melge asırıladı.

Shan’araq kodeksinin’ 128-statyasına muwapıq miynetke jaramsız ja’rdemge mu’ta’j o’gey ata ha’m o’gey ananın’ ata-anası, eri yamasa hayalı (sabıq eri yamasa hayalı) ya’ki er jetken miynetke jaramlı balalrı bolmasa ya’ki olardan ta’miynat ushın qa’rejet alalmasa olarg’a ta’miynat beriw ma’jbu’riyatı o’gey ul ha’m qızlar moynına ju’kletiliwi mu’mkin.

O’gey balalrdın’ o’gey ta, o’gey anag’a aliment beriw ma’jbu’riyatı belgilengen bolıp, ol o’z mazmunı menen a’meldegi shan’araq kodeksinin’ 127-statyasında belgilengen balalardın’ o’z ata-anasına ta’miynat beriw ma’jbu’riyatına uqsaydı.

O’gey balalarda o’gey ata-anag’a aliment to’lew ma’jbu’riyatının’ kelip shıg’ıwı ushın birinshiden- o’gey ata ha’m o’gey ananın’ o’z ata-anası, eri yamasa hayalı (sabıq eri yamasa hayalı) ha’m de erj etken miynetke jaramlı balaları bolmaslıg’ı ya’ki olardan qandayda bir sebeplerge ko’re ta’miynat ushın qarjı alıwları mu’mkin bolmaslıg’ı, ekinshiden ta’miynat talap etiwshi o’gey ata, o’gey ana miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j bolıwı sha’rt.

Aliment to’lewshi balalrdın’ o’zi er jetken miynetke jaramlı ha’m ta’miynat beriw imka’niyatına iye bolıwları lazım. Bul talaplarda aliment ma’jbu’riyatların belgilewde za’ru’rli sha’rt bolıp esaplanadı.

To’mendegi jag’daylarda sudqa o’gey ul ha’m o’gey qızdı miynetke jaramsız ja’rdemge mu’ta’j o’gey ata ha’m o’gey anag’a ta’miynat beriw ma’jbu’riyatınan azat etiw huqıqı berilgen. Bularg’a o’gey ul ha’m o’gey qızdın’ ta’rbiyası ha’m ta’miynatı onsha uzaq dawam etpegen (yag’nıy 5 jıldan kem mu’ddetti qurag’an) bolıwı, sonday-aq o’gey ata ha’m o’gey ana o’gey uli ha’m o’gey qızın ta’rbiyalaw ya’ki og’an ta’miynat beriw barısındag’ı o’z ma’jbu’riyatların lazım da’rejede orınlamag’anlıg’ı kiredi.

## II Bap. Alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibi ha’m olardi’ o’z waqti’nda to’lemegenlik ushi’n juwapkershilik tiykarlari’

### 1§ Alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibinin’ tu’rleri ha’m o’zgeshelikleri

Aldın’g’ı neke ha’m shan’araq kodeksine ko’re aliment to’lew boyınsha ata-analar ha’m de balalardın’ quwısqanları ha’m de basqa shaxslardın’ huqıq ha’m ma’jbu’riyatları nızam menen belgilengen.

Shan’araq kodeksinin’ 130-statyasına muwapıq aliment to’lew haqqındag’ı kelisim (aliment mug’darı, sha’rtleri ha’m to’lew ta’rtibi) aliment to’lewi sha’rt bolg’an shaxs penen aliment alıwshı ortasında du’ziledi. Eger aliment alıwshı qarım-qatnasıqqa jaramsız bolsa kelisim onın’ nızamlı wa’kili menen du’ziledi.

14 jasqa shekem bolg’an er jetpegenler ha’m de sud ta’rtibinde qarım-qatnasıqqa jaramsız dep tabılg’an shaxslar ta’repinen kelisim olardın’ nızamlı wa’killeri (er jetpegenlerdin’ ata-anaları, qa’wenderleri) ta’repinen du’ziledi. 14 jastan 18 jasqa shekem bolg’an er jetpegenler ha’m de qarım-qatnasıqqa jaramlı sud ta’rtibinde sheklengen shaxslar o’z nızamlı wa’killerinin’ razılıg’ı menen aliment to’lew haqqında kelisim du’ziledi.

Keisimdi jazba ra’wishte du’ziw ha’m de onı notariyal ta’rizde tastıyıqlaw sha’rti belgilengen. Notariyal ta’rtipte tastıyıqlanbag’an aliment to’lew haqqındag’ı kelisim haqıyqıy esaplanbaydı.

Notariyal tastıyıqlang’an kelisim o’z orınlaw ku’shine ko’re orınlaw betine ten’lestiriledi. Bul aliment uslap qalıw ushın basqa hu’jjetlerdi ko’rsetiw talap etilmesligin ko’rsetedi. Notariyal tastıyıqlang’an kelisimdi ko’rsetiw esapqa alıw ha’m saqlawg’a qarag’anda orınlaw betlerin jiberiw esapqa alıw ha’m saqlaw qag’ıydaları qollanıladı.

Aliment to’lew haqqındag’ı kelisimdi du’ziw, orınlaw, biykar etiw ha’m haqıyqıy emes dep atbıw puqaralıq kodeksi menen ta’rtipke salınadı.

Aliment to’le haqqındag’ı kelisimler Puqaralıq kodeksinin’ 150-statyaında belgilengen dawa qozg’atıw mu’ddeti shan’berinde itibarsız qaldırılıwı da biykar etiliwi de mu’mkin.

Aliment to’lew haqqındag’ı kelisimnin’ ta’replerdin’ o’z-ara kelisimlerine ko’re o’zgerttiriliwi ya’ki biykar etiliwi jazba ra’wishte a’melge asırılıp, notariyal tastıyıqlanıwı za’ru’r.

Shan’araq kodeksinin’ 16-babina ko’re aliment kelisimlerin to’mendegiler du’ziwi mu’mkin:

- Ata-analar o’zlerinin’ er jetpegen balaların ta’miyinlew haqqında. Eger aliment 14 jasqa tolmag’an balalarg’a beriletug’ın bolsa ol jag’dayda kelisim aliment to’lewshi

ata ya’ki ana menen ana ya’ki ata ortasında du’ziledi, bunda ekinshi ta’rep sıpatında perzentlikke alıwshı ata ya’ki anasi, qa’wenderi ya’ki perzentlikke alıwshınıń’ razılıg’ı menen kelisim du’ziledi;

- ❖ Ata-analar ja’rdemine mu’ta’j, miynetke jaramsiz er jetken perzentlerin ta’miyinlew haqqında ata-analar bunday kelisimdi o’zlerinin’ miynetke jaramlı, er jetken perzentleri menen de du’ziwleri mu’mkin;
- ❖ Miynetke jaramlı perzentleri o’zlerinin’ miynetke jaramsız, ja’rdemge mu’ta’j ata-analarıń ta’miyinlew haqqında. Bunday halatta kelisim er jetken ha’r bir perzent penen ata ha’m ananıń’ ha’r biri ortasında, ta’replerden biri qarım-qatnasıqqa jaramsız bolg’an jag’daylarda bolsa onıń’ nızamlı wa’kili ortasında du’ziledi. Bunday pitim ata-analar miynetke jaramsızlıg’ı ha’m mu’ta’jligine qaramastan du’ziliwi mu’mkin;
- ❖ Erli-zayıplıdan biri miynetke jaramsız, mu’ta’j bolg’an jag’daylarda ma’selen hayal ha’miledarlıg’ıda’wirinde ha’m ulıwmalıq perzent tuwılg’anınan keyin u’sh jıl dawamında ya’ki er yamasa hayal nagiran ulıwmalıq perzentti ta’rbiyalap atirg’anında ol 18 jasqa tolg’ang’a shekem ya bolmasa 1-topar na’giranı bolg’an ulıwmalıq perzentti ta’rbiyalap atırg’anında erli-zayıplılar aliment kelisimin du’ziwleri mu’mkin. Pitimde aliment alıwshı er yamasa hayal miynetke jaramsızlıg’ı ya’ki mu’ta’jligine qaramastan olardan birin ta’miyinlew na’zerde tutılıwı mu’mkin;
- ❖ Sabıq erli-zayıplılar, nekede bar waqıtlarında olar nekeden ajıralg’anınan keyin. Olar sabıq er ya’ki hayal miynetke jaramsızlıg’ınan ya’ki mu’ta’jligine qaramastan bunday kelisimdi du’ziwleri mu’mkin;
- ❖ Sonday pitim du’ziwleri mu’mkin bolg’an ag’a-iniler, apa-sin’liler;
- ❖ Ata ha’m kempir apaları. Olar aqlıqları menen o’zlerin ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin;
- ❖ Ata ha’m kempir apalarıń ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziw huqıqına iye aqlıqlar;
- ❖ Er jetken a’meldegi ta’rbiyalanıwshılar. Olar o’zlerinin’ sabıq a’meldegi ta’rbiyashılarıń ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziw huqıqına iye;
- ❖ Er jetken asirandı ul ha’m qızlar. Olar o’gey ataları ha’m analarıń ta’miyinlew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin.
- ❖ O’gey ata ha’m o’gey ananıń’ o’gey ul ha’m o’gey qızlarına sonday-aq o’gey ul ha’m o’gey qızlardıń’ o’gey ata ha’m o’gey anag’a ta’miynat to’lew haqqında kelisim du’ziwleri mu’mkin.

Shan’araq kodeksinin’ 145-statyasında sırt el ma’mleketke turaqlı jasaw ushın ketip baratırg’an shaxs penen eliment to’lew haqqında kelisim du’ziw mu’mkinligi na’zerde tutılg’an.

Bul kelisimde ta’repler aliment alıw huqıqına iye bolg’an shaxslardı ta’miyinlewdin’ ha’r qanday usılın ko’zde tutıwg’a haqlı esaplanadı.

Kelisimge muwapıq er jetpegen balalar ushın belgilenetug’ın aliment mug’darı olar sud ta’rtibinde o’ndirgende alıw mu’mkin bolg’an aliment mug’darınan kem bolmaslıg’ı kerek. Bul mug’dar shan’araq kodeksinin’ 99-statyası menen belgilep qoyılg’an ha’m ha’r bir bala ushın is haqı ha’m (ya’ki) basqa da’ramattın’ 4\1 bo’legi, eki bala ushın 1\3 bo’legin ha’m u’sh ha’m onnan artıq bala ushın 1\2 bo’legin quraydı.

Alimentler aliment to’lewge ma’jbu’r shaxstın’ is haqı ha’m ya’ki basqa da’ramatına qarata u’leste turaqlı (ha’r ayda, ha’r sherekte ha’m usı sıyaqlı) to’lenetug’ın belgili pul mug’darında mu’lik beriw jolı menen sonday-aq bo’lekshe usıllardan o’leniwi mu’mkin. Kelisimde to’lewdin’ tu’rli usillarını aralas qollanıw na’zerde tutılıwı mu’mkin;

Aliment mug’darın indekslew ta’rtibi:

Indekslewdin’ en’ ken’ taralg’an usılı- aliment mug’darin en’ kem is haqıg’a ya’ki sırt el valyutasına baylanıslı etip qoyıw.

Kelisim, ta’replerdin’ o’z-ara kelisimine ko’re qa’legen waqıtta o’zgerttiriliwi ya’ki biykar etiliwi mu’mkin.  Bul is de kelisim du’zilgen ta’rtipte a’melge asırılıwı kerek.

Ta’replerdin’ materiyallıq ya’ki shan’araqlıq jag’dayı o’zgergen ha’m de aliment kelisimin o’zgerttiriw ya’ki biykar etiw haqqında kelisimge erisilmegen jag’daylarda ma’pdar ta’rep bul kelisimdi o’zgerttiriw ya’ki biykar etiw haqqındag’ı dawa menen sudqa mu’ra’ja’t etiw huqıqına iye.

Aliment keilismindegi ta’replerden biri a’dette, miynetke jaramsız, mu’ta’j shaxs bolıp onın’ ma’lerin qorg’aw talap etiledi. Usı mu’na’siybet penen shan’araq kodeksi aliment to’lew haqqındag’ı kelisimdi, onı o’zgerttiriwdin’ Puqaralıq kodeksinin’ 383-statyasında belgilengen ulıwmalıq ta’rtipke qarag’anda bir qansha iqsham ta’rtip bolıp sud qadag’alawı astında o’zgerttiriwdi na’zerde tutadı.

Shan’araq kodeksinin’ 135-statyasına ko’re aliment to’lewi sha’rt bolg’an shaxs alimentti ıqtıyarıy ra’wishte jekke ya’ki o’z arzasına muwapıq islep turg’an ornında ya’ki pensiya, napaqa, stependiya ha’m basqa tu’rdegi qarjı alıp atırg’an ornında to’leydi.

Er jetpegen balalr ushın alınatug’ın aliment arzag’a muwapıq shan’araq kodeksinin’ 99-statyasında belgilengen  mug’darda uslap qalınadı.

Alimenttin’ ıqtıyarıy ra’wishte to’lenip turılıwı aliment o’ndiriwshini aliment o’ndiriw haqqındag’ı daa ya’ki arza menen qa’legen waqıtta sudqa mu’ra’ja’t etiw huqıqınan ayırmaydı[3].

A’meldegi shan’araq nızamshılıg’ında aliment boyınsha kelispewshilikler bolmag’an jag’dayda onı ıqtıyarıy ra’wishte  to’lewdin’ ulıwmalıq ta’rtipleri belgilengen.

---

[3] Ўзбекистон Республикаси Оила кодексининг 2003 йил 12 декабрдаги қонуни таҳририда. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2004 йил, 1-2-сон, 18-модда.

Alimet to'lewdin' bul ta'rtibi birinshi ma'rte Sovet Awqamı joqarg'ı Soveti Prezidiumının' 1967-jıl 21-iyuldag'ı «Balalrdı bag'ıw ushın aliment to'lew ha'm o'ndiriw ta'tibin jaqsılaw haqqında»g'ı pa'rmanda belgilengen edi[4]. Bul pa'rmanda aliment to'lewden bas tartqanlıg'ı ushın pasportına belgi (jazıp) qoyıw sharası birinshi ma'rte belgilengen.

Nızamg'a muwapıq ıqtıyqrıy ta'rtipte qarjı balalar menen bir qatarda nızam menen belgilengen hallarda erli-zayıplıdan birine ata-analarg'a, ag'a-ini, aa-sin'li h'm basqa tuwısqanlarg'a da beriliwi mu'mkin. Nızam er jetpegen balalardın' ma'plerin arnawlı ta'rtipte qorg'aydı.

Aliment to'lewshinin' arzasına muwapıq jumıs ornındag'ı ya'ki ol pensiya, napaq, stipendiya alıp atırg'an ornınan to'leniwi mu'mkin.

Iqtıyarıy ta'rtipte to'lenip atırg'an aliment tek g'ana balalrg'a emes al erli-zayıplılarg'a sonday-aq tuwısqanla ha'm basqa shaxslardın' aliment ma'jbu'riyatları bolıp esaplanadı.

Alimenttin' ıqtıyarıy ra'wishte to'lenip turılıwı aliment o'ndiriwshini qa'legen waqıtta aliment o'ndiriw haqqında arza menen sudqa mu'ra'ja't etiw huqıqınan ayırmaydı.

Shan'araq kodeksinin' 96-129-statyalarında ko'rsetolgenindey ata-ana er jetpegen balalrına ta'miynat beriwi sha'rt. Er jetpegen balalarına ta'miynat beriw ma'jbu'riyatın ıqtıyqıy ra'wishte orınlamag'an ata (ana)dan sudtın' sheshiwshi qararına ya'ki sud buyrıg'ına muwapıq aliment o'ndiriledi [5]. Tuwısqanlar ha'm basqa shaxslardan er jetpegen balalr ushın sonday-aq er jetken miynetke jaramsız ja'rdemge mu'ta'j shaxslar ta'miynatı ushın o'ndiriletug'ın alimenttin' mug'darı sud ta'repinen aliment o'ndirilip atırg'an shaxstın' ha'm aliment alıp atırg'an shaxstın' materiyallıq ha'm shan'araqlıq jag'dayın esapqa alg'an halda ha'r ayda pul menen to'lenetug'ın summada belgilenedi. Ag'zalardın' ha'm basqa shaxslardın' aliment ma'jbu'riyatları haqqında aliment to'lew haqqında kelisim bolmasa ol jag'dayda aliment to'lew haqqında sudqa dawa menen mu'ra'ja't etiwi mu'mkin.

Shan'araq kodeksinin' 136-statyasına muwapıq alimentti sud ta'rtibinde o'ndiriwge tiyisli qag'ıydalar ko'rsetilgen.

Aliment alıw huqıqına iye bolg'an shxas aliment talap etiw huqıqı ju'zege kelgeninen son' qansha mu'ddet o'tkenine qaramastan qa'legen waqtında aliment o'ndiriw haqqındag'ı talap penen sudqa mu'ra'ja't etiwge haqlı.

Bul shaxs qarsılıq bolmag'an jag'dayda er jetpegen balalar ushın aliment o'ndiriw haqqındag'ı arza menen sudqa mu'ra'ja't etiwge haqlı bolıp bul arza buyrıq ta'rtıbinde is ju'ritiw ta'rtibinde ko'rip shig'ıladı.

Aliment sudqa mu'ra'ja't etken waqıttan baslap o'ndiriledi.

---

[4] СССР Олий Советининг Ведемостлари, 1967 йил, 30-сон, 418-модда.
[5] Ўзбекистон Республикаси Оила кодексининг 2003 йил 12 декабрдаги қонуни таҳририда. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2004 йил, 1-2-сон, 18-модда.

Eger ta'miynat ushın qarjı alıw sharaları sudqa mu'ra'ja't etilgenge shekem ko'rilgenligi, bıraq aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' onı to'lewden bas tartqanlıg'ı aqıbetinde aliment alınbag'anlıg'ı sud ta'repinen anıqlansa o'tken da'wir ushın aliment sudqa mu'ra'ja't etilgen waqıttan baslap u'sh jıllıq mu'ddet shen'berinde o'ndirip alınıwı mu'mkin.

Shan'araq kodeksinin' 139-statyasına muwapıq aliment qarzı aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' is haqi ha'm (ya'ki) basqa da'ramatınan o'ndiriledi. Is haqı ha'm (ya'ki) basqa daramat jeterli bolmag'anda aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' bankler ha'm basqa kredit sho'lkemlerindegi esapbetlerinde turg'an pul qarjısınan, isbilermen ha'm isbilermen bolmag'an sho'lkemlerge sha'rtnama tiykarında o'tkizilgen pul qarjısınan o'ndiriledi, mu'lik huqıqının' o'tiwine alıp keliwshi sha'rtnamalar bug'an kirmeydi.

Aldın'g'ı neke ha'm shan'araq kodeksine muwapıq aliment o'ndiriw onı to'lewge juwapker bolg'an shaxstın' is haqı (daramatı) nan o'ndiriledi.

Bul qag'ıyda bazar qatnasıqlarına o'tiwde zaman talaplarına juwap bermey qaldı.

O'zbekistan Respublikası konstitutsiyası 53-statyasına muwapıq bazar qatnasıqların rawajlandırıwg'a qaratılg'an o'zbekistan ekonomikasının' negizin ren'-beren' formalardag'ı mu'lik quraydı. Ma'mleket tutınıwshılarının' huqıqı u'stinligin esapqa alıp ekonomikalıq iskerilik isbilermenlik ha'm miynet qılıw erkinliginin' barlıq mu'lik formalarının' ten' huqıqlılıg'ı ha'm huqıqıy jaqtan ten' qorg'alıwın kepilleydi.

Aliment qarzı aliment to'lewge ma'jbu'r shaxstın' ha'mme daramatınan o'ndiriledi. Bıraq o'ndiriw ta'rtibi bir qansha o'zgerdi.

Shan'araq kodeksinin' aliment o'ndiriwge qartılg'an ta'rtibi puqaralıq kodeksinde belgilengen ta'rtipte ha'm de puqaralıq protsessual kodeksinde belgilengen ta'rtipte na'wbet tiykarında a'melge asırıladı.

Da'slep aliment xizmetshinin' tiykarg'ı jumıs ornında alatug'ın is haqısınan, keyin onın' bankleri yaki basqa kredit mekemelerindegi qarjılarınan o'ndiriledi.

Aliment to'lew haqqındag'ı notariyal ta'rtipte tastıyıqlang'an kelisim ya'ki orınlaw beti tiykarında o'tken da'wirdegi aliment qarzı orınlaw ya'ki aliment to'lew haqqındag'ı kelisim aliment o'ndiriw ushın usınılg'ang'a shekem o'tken u'sh jıldan artıq bolmag'an mu'ddet ushın o'ndiriledi.

A'meldegi nızam odan bo'lek ra'wishte aliment o'ndiriliwi mu'mkinligin belgileydi. Alimentler orınlaw beti ya'ki aliment to'lew haqqındag'ı notariyal ta'rtipte tastıyıqlang'an kelisim boyınsha aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' ayıbı menen o'ndirilmegen bolsa nızamda ko'rsetilgen u'sh jıllıq mu'ddetke qaramastan o'tken barlıq waqıt ushın o'ndiriledi.

## 2§ Aliment qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’i’n juwapkershilikler

Shan’araq kodeksinin’ 142-statyasına muwapıq aliment to’lew haqqindag’ı kelisimge muaqpıq a’liment to’lewi sha’rt bolg’an shaxstın’ ayibi menen qarız ju’zege kelgen bolsa ayıptar shaxs usi kelisimge belgilengen ta’rtipte juwapker boladı.

Aliment to’lew haqqındag’ı kelisim du’ziwshi ta’repler g’a’rezsiz ra’wishte alimentti tiyisli ra’wishte orınlamag’anlıg’ı ushın juwapkershilik belgilewi mu’mkin. Eger kelisimde aliment to’lew haqqinda tiyisli ra’wishte orınlamag’anlıg’ı haqqinda juwapkershilik belgilenbegen bolmasa ol jag’dayda a’meldegi nızamlar tiykarinda sheshiledi.

Aliment ma’jbu’ryatın orınlamag’anı ushin belgilengen juwapkershilikti o’z waqtında alimentti orınlaw ha’m onın’ toqtap qalıwı menen baylanıslı halatlardı tezlestiredi. Alimentti o’z waqtında orınlamaw ushın juwapkershilik puqaralıq kodeksinin’ 24 – babı qag’ıydaları menen ta’rtipke salınadı. Keltirilgen zıyandı ha’m neustoykanı to’lew ushın tiykar bolıp aliment to’lewshinin’ ayıbı minez huqlı esaplanadı. Qarız payda bolıwında onın’ ayıbı bolmasa bunday sharalar qollanılmaydı. Sudtın’ sheshiwshi qararına ko’re aliment to’lewi sha’rt bolg’an shaxstın’ ayıbı menen qarız ju’zege kelgen bolsa ayıptar shaxs keshiktirilgen ha’r bir ku’n ushın to’lenbey qalg’an aliment suwmasın onnan bir u’lesi mug’darında aliment alıwshıg’a neustoyka to’leydi (shan’araq kodeksinin’ 142-statyasi II bo’limi).

Usı kodekste ko’rsetilgenindey shan’araq huqıqıy qatnasıqlarınan kelip shıg’atug’ın isler menen aliment mu’na’sibetlerinen kelip shıg’atug’ın kelispewshiliklerde sudlarg’a tiyisli.

Aliment huqıqıy mu’nasiybetlerinen kelip shıg’atug’ın islerdin’ qa’siyetleri sonnan ibarat ol ha’miyshe jeke mu’na’sibetlerden eklip shıg’adı, bunday islerde protsessual huqıq qabıl etiliwine jol qoyılmaydı.

Demek alimentler o’ndiriw haqqındag’ı isler belgili qa’siyetlerge iye, bul qa’siyetlerdi itibarg’a almaslılıq ta’replerdin’ ha’m basqa ha’meldar shaxslardın’ nızamlı huqıqlarının’ buzılıwına nızamsız ha’m tiykarlanbag’an qararlardın’ shıg’arılıwına alıp keliwi mu’mkin.

Bul qa’siyetler to’mendegi nızamlarda sa’wlelengen.

FPKnın’ 105-statyası ha’m de «ma’mleket bajı haqqında»g’ı O’zbekistan Respublikası nızamının’ 3-statyası «v ba’ntine» muwapıq [1] alimentler o’ndiriw haqqındag’ı dawlar boyınsha juwapkerdi turg’an ornı boyınsha g’ana emes ba’lki dawagerdin’ turg’an ornı boyınsha da sudqa mu’ra’ja’t etiliwi mu’mkin. Bul qag’ıydalar bunday quramdag’ı isler boyınsha dawagerler ushın protsessual imtiyazlar belgileydi. Olardın’ maqsti sud ta’rtibinde alimentler o’ndiriwdi da’lillew. Biraq bul qag’ıyda a’liment ma’jbu’ryatları menen baylanıslı bolg’an barlıq islerge engizilmeydi. Yag’nıy alimentler mug’darın kemeyttiriw ha’m onı to’lewden azat etiw haqqındag’ı islerge qarata qollanılmaydı.

---

2.1 [1] Қаранг: Ўзбекистон Республикаси Олий Советининг Ахбороти. 1992 йил, 1 - сон.

Balalardı asıraw ushın alimentler o’ndiriw haqqındag’ı dawlardı g’a’rezsiz qozg’atiw menen bir qatarda nekeden ajıratıw haqqındag’ı dawlar birge ko’rip shıg’ıw ata – analıq huqıqınan ayırıw, balanı ta’rbiyag’a beriw atalıqtı belgilew haqqındag’ı dawlar menen birge de qozg’atılıwı mu’mkinligi na’zerde tutıw kerek.

O’zbekistan Respublikası Joqarı Sudı Plenumının’ 1998-jıl 11-sentyabrdegi 22-sanlı qararının’ 14-ba’ntinde sud nekeden ajıratıw haqqındag’ı islerdi ko’riwde er jetpegen balalardın’ huqıq ha’m ma’plerin ha’r ta’repleme qorg’aw maqsetinde iste aniqlang’an halatlarg’a muwaqpiq ma’pda’r shaxs ta’repinen dawa qozg’atılg’an – qozg’atılmag’anlıg’ına qaramastan balalr ta’rbiyası ushın napaqa o’ndiriw ma’slesin dodalaw lazımlıg’ı ko’rsetip o’tilgen.

Balalar ma’plerin itibarg’a alg’an halda nızam qag’ıydalar nekeden ajıratıw haqqında arza bergen er ha’m hayalg’a jarastırıw haqqında mu’ddet beriwdi na’zerde tutqan bolsa da kelispewshilik bolmag’an jag’dayda ajıralıw isleri ko’rilgende napaqa o’ndiriw ma’selesin jumisti qzg’atbastan turıp sud dodalawg’a haqlı ekenligi tiykarlap berilgen.[1]

Bunnan tısqarı alimentler o’ndiriw haqqındag’ı ma’sele bul hqqında ata ana ta’repinen arnawlı talap qoyılmag’an bolsa da sud ata analiq huqiqinan ayiriw haqqindag’I is ju’zesinen qarar shıg’arıwı waqtında o’z jedelligi menen sheshiliwi mu’mkin.

Ata analıq huqıqınan ayırılıwı ata ananı balalardı ta’minlew ma’jbu’ryatınan azat atilmeydi. Sol sebepli dawa qozg’atılg’an – yamasa qozg’atılmag’anlıg’ına qaramastan birgelikte sheshiliwi sha’rtligi O’zbekistan Respublikası Joqarı sudı Plenumının’ 1998-jıl 11 – sentybarde qabıl etilgen qaraında korsetilgen.[2]

Sudlar dawgerdin’ turar jeri belgisiz bolg’anında dawa arzasın qabıl etidi biykar ertpesten ba’lki o’z belsendiligi boyinsha juwapkerdin’ turar jerin anıqlawg’a ha’m onın’ dawa juısının’ sudta ko’riliw ku’nbi haqqında xabardar etiwge shara ilaj;ar ko’riwge ma’jbu’r.

Er jetpegen balalar ha’m qarım qatnasıqqa jaramsız shaxslardın’ ma’plerin ha’m olardın’ aliment alıwg’a bolg’an huqıqların ta’minlewdin’ kepillgi shan’araq nızamshhılıg’ında belgilengen.

Eger juwapkerdin’ jasap turg’an ornı belgisiz bolg’anında onı ishki isler organları arqalı izlettiriw ma’jbu’ryatı belgilenedi.(FPKnın’ 140-statyası)

Bul normag’a muapıq sudya dawa arzasın qabıl etiwge ha’m juwapkerdi qıdırıw haqqında ajırım shıg’arıwg’a ma’jbu’r. sonın’ menen bir waqıtta aliment o’ndiriw haqqındag’ı istin’ ju’ritiliwi waqtınsha toqtatıw haqqındag’ı ma’sele sheshiledi. (FPKnın’ 93-statyası III bo’limi) shan’raq kodeksinin’ 96-102-statyaları da usı maqsetke xizmet qıladı. Bul nızamlarg’a tiykarlnıp sud dawa arzasın qbıl etiw menen birge istin’ sudta sheshiliwine shekem balalardın’ ta’minatı ushın juwapker qanday qa’rejetlerdi ko’teriwi lazımlıg’ı haqqında ajırım shıg’aradı yag’nıy ana ha’m

2.1 [1] Қаранг: Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Ўзбекистон Республикаси судлари томонидан никоҳдан ажратиш ҳақидаги ишларни кўришда қонунларни қўллаш амалиёти тў\рисида»ги 22 - сонли қарори. Ўзбекистон Республикаси Олий судининг Ахборотномаси. 1998 йил, 3 - сони, 54 - 55 - бетлар.

2.1 [2] Қаранг: «Болалар тарбияси билан бо\лиқ бўлган низоларни ҳал қилишда судлар томонидан қонунлари қўллаш амалиёти тў\рисида»ги 23 - сонли Ўзбекистон Республикаси Олий судининг Ахборотномаси. Тошкент., 1998 йил, 3 - сони.

balalardın’ ma’plerin ta’minlewge qaratılg’an sharaladı ko’redi. Waqtınsha o’ndiriliwi lazım bolg’an suwmanın’ mug’darı juapkerdin’ (da’ramatı) tiyisli bo’lim mug’darında ya’ki suwma menen belgilewi mu’mkin. Bul normanın’ engizilwii juwapkerdin’ istin’ mazmunı boyınsha sheshiliwi sozıwg’a qaratılg’an ha’rekettin’ aldın aladı.

Aliment o’nd[iriw haqındag’ı dawa arzası jazba formada du’zilip ol FPKnın’ 149-statyasında ko’rsetilgen mag’lıwmatlardı o’z ishine aladı. Juwapker alimentler to’lewden moyın tawlag’anda onı qıdırıw ushın qanday shara ilajlar ko’rilgenligi ha’m onın’ ha’zirgi waqıtta qayjerde jasap atırg’anlıg’ı haqqındag’ı mag’lıwmatlar da arzada ko’rsetiledi. juwapkerd[in’ jasaw ornı belgisiz bolsa bul jag’dayda ko’rsetilwii kerek.

Dawa arzasında to’mendegishe hu’jjetler ko’rsetiliwi tiyis: balalanın’ tuwılıwı haqqındag’ı gu’walıq; nekeni du’zgenlik haqqındag’ı gu’walıq; balanın’ arza beriwshi menen jasawı ha’m onın’ qaramag’ında bolıwı haqqındag’ı mag’lıwmat; juwapkerdin’ islep turg’an ornınan onın’ is haqı haqqındag’ı ha’m onın’ is haqıdan basqa shaxslardın’ paydasına orınlawshı hu’jjerler boyınsha qansha suwma o’ndiriliwi haqqındag’ı mag’lıwmat; eger juwapker fermer bolsa juwapkerdin’ dala uchastkasınan alınatug’ın qosimsha daramatları haqqında puqaralardın’ o’zin o’zi basqarıwshı mekemelerden mag’lıwmat kelt[iriwi.

Joqarıda k’rsetilgen hu’jjetlerden birewi bolmasa dawagerge bunday hu’jjetlerdi mu’mkini bolg’aninsha qısqa waqıt ishinde tapsırıw qıyın bolsa sudya olardı tiyisli mekemlerden o’z baslaması menen talap etip alıwg’a ma’jbu’r (FPKnın’ 57,158-statyalar).

Ata analardan balalardın’ ta’minati ushın alimentler o’ndiriw haqqındag’ı dawalar ata anaları ortasındag’ı nekeden ajıralg’an – ajıralmag’anlıg’ına qaramastan qozg’atılıwı mu’mkin. Suya isti sudta ko’riwge tayarlawda juwapkerdin’ basqa anadan bolg’an balalrı ushın da alimentlerdi to’lew – to’lemesligin anıqlawı ha’m bul ananın’ g’arezsiz talap penen arız etpeytug’ın u’shinshi shxs sıpatında iske qaratılıwı lazım. Dawa qanaatlandırılmag’an jag’dayda aldın jazılg’an orınlaw beti boyınsha o’ndirilgen a’limenttin’ mug’darı bir qansha kemeyiwi mu’mkin bolg’anlıg’ı sebepli bunday istin’ sheshiwshi aqibeti u’shinshi shaxslar ma’plerine ta’sir etiwi mu’mkin. [1]

Bunday isler a’piwayı ta’rtipte biraq ko’rsetılgen qa’siyetler esapqa alıng’an halda ko’riledi. FPKnın’ 131-statyası bunday islerdi ko’riw ushın qısqartırılg’an mu’ddetler belgileydi: yag’niy ta’repler bir qala ya’ki bir rayonda jasasa, jumıs on ku’nnen keshiktirilmesten ko’riledi, basqa halatlarda bolsa arza qabıl qılıng’an ku’nnen 20 ku’nnen keshiktirilmesten ko’riledi.bıraq bul qag’ıyda dawanın’ basqa islerge qosıp ko’riliwinde engizilmeydi. Ma’selen, atalıqtı belgilew haqqındag’ı iske alimentler o’ndiriw hqqındag’ı isler qosılg’anında engizilmeydi. Bunday halatlarda is bir ayg’a shekem bolg’an mu’ddette ko’riliwi mu’mkin.

---

2.1 [1] Қаранг: Советский гражданский процесс (под редакцией А.А.Добровольского. Изд.Московского Университета 1979 г. 196 - бет.

Juwapkerdin’ sud ma’jlisine tayın bolıwı lazımlıg’ın  ta’miyinlewge itibar beriledi. Alimentler o’ndiriw haqqındag’ı isler boyınsha juwapkerdin’ sudqa keliwi ulıwmalıq qag’ıyda boyınsha ma’jbu’riy esaplanadı. Eger juwapker sud ta’repinen keshirimli emes dep tabılg’an sebepler boyınsha sud ma’jlisine kelmese og’an en’ kem is haqının’ bes esesine shekemgi mug’darda ja’riyma salınadı ha’m ma’jbu’riy ra’wishte keltiriliwi mu’mkin.(FPK nın’ 261-statyası)

Juwapker basqa qalada ya’ki rayonda jasasa ha’m onın’ sudqa keliwi qıyınıraq bolsa ol keselligi ha’m basqa keshirimli sebepler menen protsesste qatnasa almasa sud onı ma’jlisine keliwden azat etiwi mu’mkin. Bunday halatta isti ko’riwshi sud juwapkerden istin’ halatları ha’m qozg’atılg’an dawanın’ bayan ettiliwi tiyis.

Sud aliment o’ndiriw haqqındag’ı is boyınsha sheshiwshi qaraı qabıl ete turıp bul qarardı FPK nin’ 205 ha’m 206-statyaları talaplarına muwapıq ra’wishte du’zedi. Qarardın’ tiykarg’ı bo’liminde sud ta’repinen belgilengen halaltlar, sudtın’ juwmaqları qanday da’lillerge tiykarlang’an bolsa bunday da’liller ha’m sud a’mel qilg’an nızamlar ko’rsetilgen. Qarardın’ juwmaq bo’liminde juwapkerdin’ ismi, familiyası, a’kesinin’ ismi, tuwılg’an jeri ha’m ornı, onın’ turaqlı jasaw ornı, jumıs ornı ha’m wa’ziypası, aliment alıp atırg’an balanin’ ismi ha’m tuwılg’an jılı, qansha mug’darda ha’m neshe balag’a aliment o’ndiriliwi  ha’m alınatug’ın sud qa’rejetlerinin’ mug’darı anıq ha’m tolıq ko’rsetiledi. Bul mag’lıwmatlar sudqa tapsırılg’an hu’jjetlerdin’ tu’p nusqasına muwapıq ra’wishte ko’rsetiledi. Alimentler dawa menen  sudqa mu’ra’ja’t etilgen waqıttan baslap kelesi waqıt ushın o’ndiriledi.

Eger sud aliment o’ndiriw ushın ha’mme sharalardı ko’riwine qaramay juwapker onı to’lewden moyın tawlag’anı sebepli aliment o’ndire almag’anlıg’ı sonday-aq dawager shan’araqtı saqlaw maqsetinde ya’ki basqa keshirimli sebepler menen o’z waqtında dawa qılmag’anlıg’ı anıqlansa sud istegi awhallarg’a qarap o’tken waqıt ushın da bıraq u’sh jıldan artıq bolmag’an mu’ddetke aliment o’ndiriwi mu’mkin.(shan’araq kodeksinin’ 136-statyası)

Balalardın’ ta’rbiyası ushın alimenler juwapkerdin’ is haqına qarata eseler menen belgilenip turaqlı to’lemler formasında o’ndiriledi. (shan’araq kodeksinin’ 99-102-statyaları)

Bıraq belgili bir halatlarda (shan’araq kodeksinin’ 101-statyasına qaran’)sud balalrdın’ ta’miynatı ushın qarjı to’leniwin talap etiwshi shaxstın’ iltiması boyınsha alimentlerdi ha’r ayda to’leniwi  lazım bolg’an pul summasında o’ndiriliwi mu’mkin.

Ayrıqsha jag’daylar sebepli ma’selen balanın’ awır kesel bolıwı, mayıp bolıwı ha’m basqa halatla sadır bolg’anında alimentlerden tısqarı ata-analardan qosımsha qa’rejetlerde o’ndiriliwi mu’mkin. (shan’araq kodeksinin’ 103-statyası)

Eger sud aliment to’lewshi shaxstın’ basqa er jetpegen balaları barlıg’an anıqlasa ha’m onda nızam menen belgilengen mug’darda alimentler o’ndirilgeninde bul balalar aliment alıwshı balalardan materiyallıq jaqtan kemirek ta’miyinlenetug’ın bolsa sonday-aq aliment to’lewshi 1-2-

topar na’giranı bolsa ya’ki aliment alatug’ın balalr islese, olarda jeterli is haqi bolsa o’ndiriletug’ın alimentlerdin’ mug’darı sud ta’repinen kemeyttiriliwi lazım.

Shan’araq kodeksinin’ 107-statyasında ko’rsetilgenindey eger balalar ma’mlekettin’ ya’ki basqa ja’ma’a’tlik sho’lkemlerdin’ tolıq ta’miynatında bolsa sud aliment mug’darın usı kodekstin’ 99-statyasına ko’re juwapkerden usı mekeme paydasına o’ndiriliwi mu’mkin.

Sud sheshiwshi qaraında «sud qa’rejetlerin o’ndiriw haqqında»g’ı nızam hu’jjetlerge ko’re alimentler o’ndiriwdi ko’rsetiw menen birge ma’mleket da’ramatına juwapkerden sud qa’rejetlerinin’ o’ndiriliwi haqqındag’ı ma’selenide sheshiwi lazım.

Aliment o’ndiriw haqqındag’ı sheshiwshi qararında onın’ da’rhal orınlanıwı ko’rsetiledi (FPK nin’ 219-statyası). Bul orınlaw betinin’ qarar shıg’arılg’anıan son’ keshiktirilmesten jazılıwı kerekl[igin bildiredi. Alimentlerdi o’ndiriw haqqındag’ı qarardın’ orınlanıwı menen baylanıslı ma’selelerdi sheshiwde basqa qa’siyetlerde bar. Yag’nıy qarardın’ orınlanıwı ulıwmalıq qag’ıyda boyınsha aliment o’ndiriwshinin’ o’zi ta’repinen qozg’atılsa bıraq bunday isler boyınsha sudtın’ iskeriligi menen de orınlaw betin orınlawg’a jiberiwi mu’mkin. (FPKnin’ 373-statyası).

Alimentlerdi o’ndiriwdi birinshi na’wbette qanaatlandıratug’ın talaplar qatarına qoyadı. Aliment to’lemleri xakarterge iye bolıp juwapkerd[in’ is haqısınan onın’ jumıs ornınan o’ndiriledi.

Eger qarizdardın’ jasaw ma’nzili ha’m jumıs ornı belgisiz bolsa sud orınlawshısı qarızdardı ishki isler organı arqalı qıdırtıw haqqındag’ı ma’seleni sud aldına qoyıwı kerek.[1] qarızdar tabılg’annan keyin orınlaw betin onın’ jumıs ornına jebriw o’ndiriletug’ın summanın’ mug’darın ha’m o’ndiriwshinin’ ma’nzilin ko’rsetiwi lazım. Sonın’ menen birge orınlaw bet[I qarızdardızn’ jumıs ornına jiberilgenligi haqqında aliment o’ndiriwshi xabardar etiledi.

Karxana, mekeme ya’ki sho’lkemnin’ jumıs beriwshi orınlaw betin alg’annan son’ aliment to’lewshinin’ is haqıdan (pensiya, stipendiya, napaqası h.t.b.) ha’r ayda uslap qalıwg’a ha’m orınlaw betinde ko’rsetilgen shaxsqa is haqı berilgen ku’nnen u’sh ku’nlik mu’ddetten keshiktirmesten qarızdar jumıstan bosag’anı orındag’ı sud orınlawshısına aliment to’lewshi shaxstın’ isten bosap ketkenligi ha’m eger ma’lim bolsa onın’ jan’a jumıs ornı ya’ki turar ma’nzili haqqında mag’lıwmat beriwge ma’jbu’r (Shan’araq kodeksinin’ 137-138-statyaları).

Uslap qalıng’an summalar ko’shiriliwinde qarızdardın’ is haqı mug’darı ha’m alimentlerdin’ qansha waqıt ushın o’nsirilgenligi ko’rsetiledi. Qarızdar ta’repinen alınıp atırg’an is haqı mug’darı o’zgergen jag’dayda ya’ki is haqının’ to’leniwi 15 ku’nnen artıq mu’ddetke keshiktirilse bul haqqında aliment o’ndiriwshi xabardar etiliwi tiyis. Aliment o’ndiriw haqqındag’ı sud qararının’ lazım da’rejede orınlanıwı kepilli shan’araq kodeksinin’ 138-140-statyalarında da na’zerde tutılg’an. 139-statyanın’ 1-2-bo’limlerinde ko’rsetilgen mag’lıwmatlardı belgilengen mu’ddette keshirimli sebeplerge ko’re xabar qılmag’an jag’dayda ayıpdar ha’meldar shaxs ha’m a’liment to’lewshi shaxs nızamda belgilengen ta’rtipte juwapkerlikke tartıladı.

2.1 [1] Қаранг: Фуқаролик процессуал кодекси. Тошкент., «Адолат», 1997 йил. 100 - бет.

Aliment qarzı aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' is haqı ha'm (ya'ki) basqa da'ramat jeterli bolmag'anda aliment to'lew sha'rt bolg'an shaxstın' bankler ha'm basqa kredit sho'lkemlerindegi esapbetlerinde turg'an pul qarjısınan isbilermen ha'm isbilermen bolmag'an sho'lkemlerge sha'rtnama tiykarında o'tkizilgen pul qarjısınan o'ndiriledi, mu'lik huqıqının' o'tiwine alıp keliwshi sha'rtnamalar bug'an kirmeydi. Bul qarjı jeterli bolmag'anda o'ndiriw qaratılıwı mu'mkin bolg'an ha'r qanday mal-mu'likke qaratıladı.

O'ndiriw aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' esapbetlerine pul qarjısına ha'm onın' basqa mal-mu'lkine nızam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte qaratıladı.

Aliment to'lew haqqındag'ı notariyal ta'rtipte tastıyıqlang'an kelisim ya'ki orınlaw esapbeti tiykarında o'tken da'wirdegi aliment qarzı orınlaw beti ya'ki aliment to'lew haqqındag'ı kelisim aliment o'ndiriw ushın usınılg'ang'a shekem o'tken u'sh jıldan artıq bolmag'an mu'ddet ushın o'ndiriledi.

Alimentler esapbeti ya'ki aliment to'lew haqqındag'ı notariyal hu'jjet ta'rtibinde tastıyıqlang'an kelisim boyınsha aliment to'lewi sha'rt bolg'an shaxstın' ayıbı menen o'ndirilmegen bolsa alimentler usı statyanın' 3-bo'liminde ko'rsetilgen u'sh jıllıq mu'ddetke qaramastan o'tken barlıq waqıt ushın o'ndiriledi. Eger paydasına aliment o'ndirilip atırg'an shaxstın' ma'nzili belgisiz bolsa uslap qalıng'an summalar sudtın' depozit schyotına o'tkiziledi.

Ko'rsetilgen wa'ziypaları orınlanbag'anında ayıplı ha'meldar shaxslarg'a «sud hu'jjetlerin orınlaw haqqındag'ı» belgilengen mug'darda ha'm ta'rtipte ja'riyma salınıwı mu'mkin. Aliment o'ndiriw haqqındag'ı islerdin' biri sonda to'leniwi lazım bolg'an alimentlerdin' summaları qarızdardın' qarsı dawası esabına o'tkiziliwi mu'mkin emes. To'lengen aliment summaların qaytadan talap etip alıp bolmaydı. Bıraq aliment isleri boyınsha shıg'arılg'an qaralardın' dawa qozg'atqan shaxs ta'repinen keltirilgen jalg'an mag'lıwmatlar ya'ki jalg'an hu'jjetlerge tiykarlang'an bolıw halları bug'an kirmeydi.(FPK nın' 385-statyası ha'm de shan'araq kodeksknin' 143-statyası). To'lengen aliment summaları tek ayrım hallarda g'ana eger balanın' ma'plerin buzılıwına alıp kelmegeninde keltiriwi mu'mkin.

Balalrdın' ta'rbiyasına ha'm olardı materiyallıq ta'repten to'leniwine ha'r bir ata ananın' manawiy ha'm huqıqıy wa'ziypası bolg'anlıg'ı sebepli nızamda aliment islerinde kelispewshilik bolmag'an jag'dayda onın' ıqtıyarıy to'leniw ta'rtipleri (shan'araq kodeksinin' 135-statyası) belgilengen.

Bul qatarı isler boyınsha arzalardı qabıl etiwde sudya ma'pdar shaxslarg'a alimentlerdin' sud qaraı boyınsha da sonday-aq aliment to'lewge ma'jbu'r bolg'an shaxslardın' jumıs ornı (pensiya ya'ki stependiya alıw ornı) boyınsha da ha'kimiyatqa bergen jazba arzasına ko're ıqtıyarıy ta'rtipde o'ndiriliwi mu'mkinligi tu'sindiriliwi lazım. Alimentti ıqtıyarıy ra'wishte to'lep turıw haqqında aliment to'lewshi ta'repinen berilgen arzasına ko're tiyisli ha'kimiyattın' bir qatar ma'jbu'riyatların orınlawg'a u'ndeydi. Bunday jag'daylarda ha'kimiyat berilgen arzag'a muwapıq

ha'r ayda qarızdardın'  is haqı (pensiya ha'm basqa summalar) dan alimentlerdi o'ndiriwge ha'm de arzada ko'rsetilgen shaxsqa orınlaw beti botınsha to'leniwi lazım bolg'an mu'ddetlerde to'lewge ya'ki o'ndirilgen summanı jiberiwge ma'jbu'r.

To'lemlerdin' mug'darı xizmetshinin' is haqısının' 50 %nen aspawına da ha'kimiyat itibar beriwi lazım. Alimetnt to'lewshi jumıs ornın o'zgerttirse bul haqqında ma'lim etiwi kerek h.t.b. aliment to'lewdin' ıqtıyarıy ta'rtibi aliment o'ndiriliwi haqqında dawagerdi qa'legen waqıtta sudqa mu'ra'ja't etiw huqıqınan ayırmaydı[1] (Shan'araq kodeksinin' 135-statyası). Alimentlerdin' ıqtıyarıy ra'wishte to'leniwi haqqındag'ı qag'ıydalardı tu'sindiri ju'zesinen sudlardın' jeterli da'rejede is alıp barıwları sudlarda aliment o'ndiriw haqqındag'ı islerdin' bir qansha kemeyttiriliwine alıp keliwi mu'mkin.

Bul bap «sudtın' sheshiwshi qararının' orınlanıwı» dep atalsa da bıraq bunnan puqaralıq isleri ju'zesinen qararlar shıg'arıwg'a huqıqlı bolg'an basqa organlardın' qararların orınlaw haqqında da so'z baradı.

A'dil sudlawdı a'melge asırıw maqsetinde puqaralar ha'm sho'lkemlerdin' huqıqların qorıqlaw maqsetinde shıg'arılg'an qararlardı orınlaw puqaralıq protsessinin' juwmaqlawshı basqıshı esaplanadı.

Sudtın' sheshiwshi qararına shag'ım joqarıg'a shag'ım (protest) berilmese ya'ki qarar sudlarda tastıyıqlang'anınan son' nızamlı ku'shke kirdi. Bul qararlar sonday-aq puqaralıq isleri haqqında basqa organlardın' qararları a'dette iqtıyarıy ra'wishte orınlanadı. Eger bunday qararlardı orınlawg'a (tiyisli summanı to'lewge, na'rselerdi tapsırıwg'a, belgili bir islerdi orınlawg'a) ma'jbu'r bolg'an shaxs (ya'ki shaxslar) ıqtıyarıy rawishte orınlamasalar sud FPK nin' 370-385-statyaları ha'm sud qararlaın orınlar ta'rtibi haqqındag'ı nızamlar menen belgilengen ta'rtipte belgilenedi. A'meldegi FPKnin' orınlaw menen baylanıslı bolg'an ayrım ha'reketleri sud iskeriligi ha'm is ju'ritiw menen baylanıslı bolmag'anlıg'ı sebepli bul bap bir qansha qisqarttitilg'anlıg'ı ha'm sol sebepli huqıqıy normalar sud orınlawshısının' iskeriliginde o'z sa'wleleniwin tabıwı belgilengen.

Bulardan tısqarı orınlaw ha'reketleri «sud orınlawshıları haqqında»g'ı ha'm de «Sud hu'jjetlerin orınlaw haqqında»g'ı O'zbekistan Respublikasının' 1999-jıl  dag'ı nızamları menen ta'rtipke salınadı.

---

2.1 [1] Қаранг: Ўзбекистон Республикаси «Оила кодекси», «Адолат», Тошкент., 1998 йил.

# Juwmaqlaw

Aliment ma’jbu’riyatlari’nan kelip shi’g’atug’i’n dawlar boyi’nsha sud sheshiwshi qararlari’n ori’nlawdi’n’ protsessual ta’rtibi temasi’ arqali’ siz to’mendegiler menen tani’si’p o’ttiniz yag’ni’y, aliment ma’jbu’riyatlari’ni’n’ uli’wmali’q qag’idalari’, ata-ana ha’m balalardi’n’ aliment huqi’qi’ ha’m ma’jbu’riyatlari’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’, erli-zayi’pli’lar ortasi’ndag’i’ aliment ma’jbu’riyatlari’, tuwi’sqanlar ha’m basqa shaxslardi’n’ aliment ma’jbu’riyatlari’, alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibi ha’m olardi’ o’z waqti’nda to’lemegenlik ushi’n juwapkershilik tiykarlari’, alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibinin’ tu’rleri ha’m o’zgeshelikleri’, aliment qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’i’n juwapkershilikler si’yaqli mazmundag’i’ tu’siniklerge iye boldi’n’i’z. Bul temani’ u’yreni’p shi’g’iw arqali’ to’mendegi juwmaqqa iye boldi’m:

1. Aliment ma’jbu’riyatlari’ bul eki ta’replemeli’ minnetleme boli’p ha’r eki ta’repte ha’m huqi’q ha’m ma’jbu’riyat ju’zege keledi. Atap aytqanda, erli-zayi’plilar ortasi’ndag’i’ minnetlemelerdi atap o’tsek boladi’.

2. Ma’mleketimizde sud-huqi’q reformalari’ni’n’ a’melge asi’ri’li’wi menen sudlarg’a ken’ wa’killikler jarati’li’p berildi, bul bolsa aliment qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’i’n dawlardi’n’ da sudta a’dil juwmaqqa erisiwinde sheshiwshi a’hmiyetke iye boldi’.

3. Alimentlerdi to’lew ha’m o’ndiriw ta’rtibi ha’m olardi’ o’z waqti’nda to’lemegenlik ushi’n juwapkershiliklerdi belgilewde tek g’ana Puqarali’q protsessual ni’zam normalari’na tiykarlani’p qalmastan, al oni’n ele de awi’rli’li’q da’rejelerge ali’p keliwi mu’mkinligin esapqa alg’an halda basqa yuridikali’q juwapkershilik tu’rleri ushi’n da ken’ tu’rde tu’sindirmeler berilip o’tilgeninde maqsetke muwapi’q bolg’an bolar edi dep esaplayman.

Solay etip bul tema aliment huqi’qi’y qatnasi’qlari’nan kelip shi’g’atug’I’n dawlardin’ qay da’rejede shehsiliwine bag’darlang’an boli’p bul bolsa keleshekte erli-zayi’plilar ortasi’nda nekeni’n’ biykar etiliwi qanday aqibetlerge ali’p keliwi mu’mkinligin ha’m oni’n’ na’tiyjesinde ha’r eki ta’repte de ha’m materiyalli’q ha’m ruwhi’y ziyanni’n’ jetiwi al, usi’ jazi’lg’anlardan belgili juwmaqqa kelip piker ju’ritse o’z aldi’mi’zg’a qoyg’an maqsetke erisken boli’p esaplanami’z.

Ha’m bul tema ma’mleketimizde balag’a oni’n’ den-sawlig’I’, ta’minatina qaratilg’an is-ilajlardi’n’ qay da’rejede ali’p bari’li’p ati’rg’anli’g’in belgilep beredi. Juwmaqlap aytqanda bul temani’ oqi’p ha’m tani’si’p shi’g’iw arqali’ siz de kerekli juwmaqti’ o’zin’izde toplay alasi’z ha’m bunda ko’rsetilgen ni’zam, normalar qag’idalari’ a’meliyatta tuwri’ qollani’li’wi’na o’z u’lesin’izdi qosasi’z dep esaplayman.

Paydalani’lg’an a’debiyatlar

Basli’ a’debiyatlar

1. Karimov I.A. 1-tom «O’zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura». Toshkent., «O’zbekiston», 1996 yil.
2. Karimov I.A. 2-tom. «Bizdan ozod va obod vatan qolsin». Toshkent., «O’zbekiston», 1996 yil.
3. Karimov I.A. 3-tom. «Vatan barchamiz uchun muqaddasdir». Toshkent., «O’zbekiston», 1996 yil.
4. Karimov I.A. 4-tom. «Bunyodkorlik yo’lidan». Toshkent., «O’zbekiston», 1996 yil.
5. Karimov I.A. 5-tom. «Yangicha fikrlash va ishlash – davr talabi». Toshkent., «O’zbekiston». 1997 y.
6. Karimov I.A. 6-tom. «Xavfsizlik va barkaror taraqqiyot yo’lida». Toshkent., «O’zbekiston», 1998 yil.
7. Karimov I.A. 7-tom. «Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan ko’ramiz». Toshkent., «O’zbekiston», 1999 yil.
8. Karimov I.A. 8-tom. «Ozod va obod vatan, erkin va farovon hayot-pirovard maqsadimiz». Toshkent., «O’zbekiston», 2000 yil.
9. Karimov I.A. «Hozirgi bosqichda demokratik islohotlarni chuqurlashtirishning muhim vazifalari». «O’zbekiston», 1996 yil.
10. Karimov I.A. «O’zbekiston-buyuk kelajak sari». Toshkent., «O’zbekiston». 1999 yil.
11. Karimov I.A. «O’zbekiston XXI asrga intilmoqda». Toshkent., «O’zbekiston»., 1999 yil.

Normativ-huqi’qi’y hu’jjetler

1.O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. Toshkent., «Adolat», 1992 yil.

2..O’zbekiston Respublikasi yangi qonunlar to’plami. №6-son. Toshkent., «Adolat». 1993 yil.

3..O’zbekiston Respublikasi Grajdanlik Protsessual Kodeksi. Toshkent., «Adolat», 1993 yil.

4..O’zbekiston Respublikasi Fuqarolik Protsessual Kodeksi. Toshkent., «Adolat», 1998 yil.

5..O’zbekiston Respublikasi Oliy Sudining 1998 yil 17 apreldagi Plenum qarorlari. Toshkent., 1998 yil.

6.Oliy Sud Plenumining qarorlari to’plami. 1991-1998. II. Toshkent., 1999 yil.

7.Oliy Sud Plenumi qarorlari to’plami. Toshkent., 11.1999 yil.

8.O’zbekiston Respublikasining Sudlar to’g’risidagi qonuni. T., 2000 yil 14 dekabr.

9.O’zbekiston Respublikasidan «Prokuratura to’g’risida» gi qonuni, T., 2001 yil 29 avgust.

Tiykarg'i' a'debiyatlar.

1.Shorahmetov Sh.Sh. «O'zbekiston Respublikasi Fuqarolik protsessual huquqi». Toshkent., «Adolat», 2001 yil.

2.Shorahmetov Sh.Sh. «Fuqarolik ishlarini sudda ko'rish jarayonidagi hujjat (vasika) lar namunalari. Toshkent.; «O'zbekiston», 1994 yil.

3.Shorahmetov Sh.Sh. Sud tizimini isloh qilish – davr talabi. «Qonun nomi bilan», 1998 yil 3-son.

4.Shorahmetov Sh.Sh. Inson manfaatlariga qaratilgan Kodeks. «Qonun himoyasida» 2-son, 1998 yil.

5Grajdanskoe protsessualnoe pravo. Moskva., 1997.

6Novoe v grajdanskom protsessual`nom prave. Kommentariy zakonodatelstva BVS RF № 4.

7Reshetnyak V.I. Genrix I.I. Zaochnoe proizvodstva i sudebniy prikaz v GP. M. 1997.

8Grajdanskoe protsessualnoe pravo Rossii. Uchebnik., Izd. «Bulina» Moskva., 1998 .

9Kommentariy k Grajdanskomu Protsessualnomu Kodeksu, pod redaktsiey Treushnikova M.K. Izdatelstvo «Spark» Moskva., 1996 g.

10O'zbekieton Respublikasi Konstitutsiyasiga sharxlar. Mualliflar jamoasi. Toshkent., «O'zbekiston», 1995 yil.

11Mamasiddiqov M.M. Mehnat ishlari bo'yicha etkazilgan zararni sudda undirish». Toshkent., «Adolat», 2001 yil.

12Shoraqmetov. III.SH. O'zbekiston Rsspublikasining Xo'jalik protsessual huquqi. «Soros» fondi. 2001 mil.